


KUGADZWA 4

 Hama Neville, uye masikati akanaka, manheru, waro, kune shamwari dzedu dzinokosha, tinofara kudzoka muno muchechi husiku huno. Kuri kuti dziyei, nekudaro tichaedza kuchimbizika napose patinogona napo, tobva tangopinda pakarepo muMharidzo.

Chekutanga, tine zviziviso zvatinoda kuita, uye nechi—chikumbiro chemunamato chakatsaurwa. Ndine tsamba dzenyu kuseri uko, dzandakapihwa, neyehanzvadzi iri kunzwa kuti ine bundu muhuropi. Uye kwanga kuine imwe kuLouisville; nemumwe mukoma wemushumiri, baba vake vaita chirwere chokukundika kwemoyo; uye pane vakawanda, vanhu vakawanda vari kurwara pasi rese muzuva ranhasi. Vazhinji vari kufonera kuno uye tine chokwadi chekuvanamatira nemoyo wedu wese, kuti Mwari agotibatsira.

Kazhinji chikamu chingaita makumi mapfumbamwe nemashanu kubva muzana cheshumiro yangu chagara chiri, chokunamatira vanorwara, munoona, asi ndi—ndinongova ne—ndinongova nemaonero madiki ekuti . . . ndichiri kunamatira vanorwara, zvino, rangarirai izvozvo. Izvozvo zvinonyatsofambirana nazvo. Asi, oo, dai tikakwanisa kusvitsa che—chechi apo painogadzwa panzvimbo, zvadaro, yopinda muhurongwa kuti tigopinda pakushanda, munoona. Inofanira kupinda muhurongwa, munoona, zvinhu zvese zvounzwa pamwe chete.

Chimwe chinhu changobata moyo wangu, nguva pfupi yapfuura. Ndipo apo murume mudiki gamba rakare remuhondo, rumwe ruoko rwake rwakapotsa rwadimburwa nepfuti, negumbo rakapotsa radimburwa nepfuti. Haasi pano kuti anditeerere ikozvino. Asi ijinda chairo romurume, anonzi Roy Roberson, uye mumwe wevabati vehomwe pano pachechi, uye murume akanaka kwazvo Mukristu. Vangosvika uko, vakati, “Hama Branham, musakanganwe Mutungamiriri wenyika.” Vakati, “Ndanzwa tsitsi zvakanyanya apo vange vachidzika,” vavaona paterevhizheni, “ivo vange vachidzika vachibva mundege, misodzi ichiyerera nepamatama avo, uye muromo wavo wakaenda parutivi.” Munoziva, vakange vari pamwe chete naRoy nevamwe ikoko, muhondo iya—iya.

Hazvina basa kuti munopesana zvakadii naye munyaya dzematongerwo enyika, vachingori Mutungamiri wedu wenyika. Hongu, changamire. Kwandiri, ini—ini handisi muDemocrat kana muRepublican. Ndiri Mukristu. Asi ndi—ndinokuudzai, zvirokwazvo ndaiva nekuvemura kukuru kune—kune Mukuru wenyika Dwight Eisenhower. Changamire, zvirokwazvo

vanga vari munhu mukuru, pa—pamafungiro angu. Kana vari vachazokwikwidza zvakare, ndichinge ndichizovhota, ndaizovavhotera zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Handina hany'n'a kana vaiva—kana vaiva nemakore zana ekuberekwa, ndaizongoramba ndichivavhotera, nokuti ndinovafarira. Zvino ngativarangarirei muminamoto yedu husiku huno.

J. T., zvirokwasvo ndinoyemura musangano uya wakanaka, imi mose, wamakaita svondo rino neHama Willard. Dai ndainge ndakapinda mukati ndichibva kunze, mose maizoti, “Zvakanaka, Hama Branham zvino, munoziva, *chekuti-ne-chekuti.*” Asi zvaiva nani kuti ndimire kunze ndichikuteereri, hamuzvione here? [Hama Branham vanoseka—Mupepeti] Zvakanaka. Saka, zvakanakisisa.

Ndiri kupihwa mukana wekutora mamwe machechi, kana mose muchiada, kana makagadzirira kuenda kundofudza zvino, kana makawana kudzidziswa kwenyu. Uye, zvinove, zvandinotenda kuti mave nako, uye zvino magadzikana. Ndine imwe kuOregon, dzimwe kuWashington, California, nekuArizona, nzvimbo dzakasiyana-siyana. Zvino kana muri mazoda kutora chechi kana zvakadaro, handiti, ipo pano chaipo ndipo panzvimbo yakanaka yekutangira uri, ipo pano. Uye kune mweya iri kuchema kwese-kwese, kunyangwe kumaruzevha ekumaIndia kana chero kwamungade kuenda. Ingotizivisai, nokuti ndinotenda kuti imi vakomana madzika hoko zvino. Ndizvozvo chaizvo. Ndinongoda kuvaona vachizviita izvozvo.

Pane Hama Ruddell vari kumusoro uko kwemumugwagwa. Ndichakwirako kundovaitira musangano, mumazuva mashoma. Kuchange kuine rumutsiro, kwavo Hama Ruddell. Uye ndi—ndinorangarira ndaigara ndichisandudzira muchinda mudiki uyu kwese-kwese, ndichivaedza kuti vapinde pajoko vaparidze. Vakange vari munhu akasarira zvakanyanya. Vaitaura vachiti, “Handikwanise kutaura.” Munofanira kuvanzwa. Amen. Maona? Hauzive zvaunokwanisa kuita kana ukatendera kuti Mweya Mutsvene ukubate. Ndizvozvo chaizvo.

Uye Hama Graham Snelling vari kuUtica, naHama Junior Jackson zasi uko. Isu—isu tinovacherechedza vese sechechi diki dzatinowadzana nadzo, dziri pamwe chete nesu. Tose tiri pamwe chete. Hatipesane padzidziso dzedu, kana patariro nezvinangwa zvedu, dzidziso dzedu, zvimwe chete. Tinomira pamwe chete, mune zvese pamwe chete. Tinongova chechi imwe chete. Uye zvirokwasvo tinotoda kuti dzinge dzakapararira kwese-kwese; tine dzimwe kuAfrica, dzimwe kuIndia, nekwese kwakatenderedza, nemunyika mese. Ndiko kwatinoda kuti dzive, dzichiparadzira Nhau.

Zvino ndiri kuona machinda echidiki ari kusimuka, akaita saHama J. T. Parnell pano, na—naHama Willard nevamwe, pavari kusimuka, machinda echidiki, apo ndave kuenda ndichikura. Kana paine ramangwana, ivava vachazova varume

veramangwana. Handidi kuti Mharidzo ino itombobvira yafa. Haitongokwanise. Inofanira kuenderera mberi ichirarama. Uye handitende kuti tichine nguva yakareba yekuJunza.

Kamwana kadiki kavakange vati kaizofa, ndinoona kuti manga muinako zuva rose muchechi nhasi, hanzvadzi. Zvakanyakisisa. Tinotenda Ishe nekuda kwazvo, kuti Ishe vane nyasha, vazere netsitsi. Ingorambai muchitenda zvamakaudzwa ipo pano chaipo, munoona, achaita zvakanaka.

Zvino, muri kufarira dzidziso here? Munofarira dzidziso here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Oo, ndi—ndi—ndinonyatsofunga kuti inotiitira zvakanaka. Inotipa kakuzorora kadiki kubva pakunamatira vanorwara, nezviratidzo, nekupodza kwaMwari. Nekuti, zvino, husiku huno ti... Shure kweshumiro, tichanamatira vanorwara zvakare, husiku huno. Tinogara tichida kuzviita, kubhabhatidza chero ani zvake panguva ipi zvayo.

Vangani vanorangarira pandaifamba ndichitevera tambo dzemagetsi? Zvino, ndakafamba ndichitevera tambo dzemagetsi, nguva zhinji, ndaifanirwa kufamba mamaira makumi matatu pazuva nemusango. Ndaiva nemamaira mazana maviri nemakumi masere etambo dzandaifanira kutevera. Ndaizoenda ndichidzika naimomo, shati yangu iri mumaoko, uye, oo, ndaneta zvikuru, nekufamba nemumasango, maiva nezviminzwa zvaicheka. Ndaisangana nemurimi akwegura togara pasi pemuti ndotaura naye pamusoro pekubhabhatidzwa muZita raIshe Jesu. Iye aizoti, “Zvakanaka, ndakagara ndichida kubhabhatidzwa.”

Ndaiti, “Hakusi kure zvakanyanya nekarwizi.” Zvino aizoti...

Uye ndakatora vazhinji vavo zasi ikoko ndikavabhabhatidza muZita raJesu. Ndobva ndafamba ndichidzika netambo dzemagetsi, nesimba rangu rose. Ndizvozvo chaizvo. Nguva zhinji ndakapfeka hanzu dzangu dzekare dzebasa, ndaibhabhatidza mumwe chete, ndaibva ndaburuka pabango. Ndainge ndakagarapo ndichishanda pabango; ndaita basa rekugadzira tambo dzemagetsi, zvakare, ndichishanda nepabango, ndiine mumwe murume, ndichitaura naye pamusoro paShe. Aiti, “Haiwa, Billy, rimwe ramazuva ano ndichauya kucheche kwako ndibhabhatidzwe.”

² Ndaizoti, “Nemhaka yeiko uri kuda kumirira kusvikira kwese ikoko? Tiri chaipo parwizi, pane mvura zhinji apo chaipo.” Vabate iko zvino. Ndizvozvo chaizvo. Ndiyo nguva yacho. Firipi akati...

³ Muyunaki akati kuna Firipi, “Heyo mvura, chiiko chingatidzivisa?” Ndizvozvo. Hapana. Kana iwe wakagadzirira, ndiyo nguva yacho. Usaregera dhiyabhore achiwana mukana wokupfekera chimwe chinhu imomo. Usamirire mangwana

kuzoita zvinhu zvaunokwanisa kuita nhasi. Mangwana anogona kusazouya kwauri. Ndinorangarira imwe nguva ndakaita saizvozvo, ndakadzidza, zvakandidzidzisa chidzidzo. Ndakarega kuita chimwe chinhu chandaifanira kunge ndakaita zuva iroro, uye zuva rakatevera ndakange ndatononoka.

⁴ Zvino, chokwadi handidi kukuchengetai nguva yose iyi. Asi ndinongobatikana kwazvo—kwazvo, zvino, handizive, ndinongonzwa zvakana kwazvo kusvikira ndinoita sendinopenga, potse. Ndinongonzwa zvakana kwazvo.

⁵ Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana tisati tasvika paShoko.

⁶ Baba vedu veKudenga, iMi ndimi Mwari anorarama, anogara ari mupenyu. Zuva iri richangobva kunyura, zuva rimwe chetero, Dhanieri akatarira pariri richinyura, Jeremiya akaritarira richinyura, Adhama akaritarira richinyura, Jesu akaritarira richinyura. Uye inyika imwe cheteyo yavakararama mairi uye vakafamba mairi, uye iMi muchingori Mwari mumwe cheteyo.

⁷ Husiku huno pane zvikumbiro zvakawanda. Murume ane bundu muhuropi, imwe hanzvadzi iri kutya chinhu chimwe chetecho. Ndimi mega tariro, Ishe, iripo pane izvozvo. Bundu iroro rave kenza, hapachisina chinokwanisa kumiswa. Rave kure chaizvo nekunokwanisa kusvikwa nemaoko achiremba. Asi husiku huno tinoenda nekachimvii kedu kadiki, tichitevera gwayana iroro, kuti tiridzose mudanga raBaba. MuZita raIshe Jesu tinonangisa munamato wedu kuti uraye shumba, bundu racho, nekupararira kwekenza, tovadzosa mudanga vakachengetedzeka.

⁸ Uye isu, Mwari, tinorangarira husiku huno Mukuru wedu wenyika akaisvonaka, hama, Dwight Eisenhower wedu. Akatungamirira nyika, Ishe, akaedza kutichengeta kuti tisapinde muhondo. Akavimbisa kuti hondo yekuKorea yaizopera dai ainge aine chero nzira yaaikwanisa nayo. Akavimbisa vana amai vaya kuti achadzosa vakomana vaya. Asi akati, “Kuti ini ndizviite, handikwanise kuzviita. Ndinokwanisa kuisa kushingaira kwangu, asi Mwari oga ndiye anofanira kuzviita.” Uye Makange muinaye, Ishe, uye zvino zvose zvaringana. Nemhaka yei vasina kunge vakazviona kubva pakutanga? Mwari, ndinonamata kuti Mumubatsire. Ropafadzai moyo wakashinga iwowo, Ishe. Uye tinonamata kuti Mutisarudzire mutungamiriri anotevera. Kuda kwenyu kwamakafanotemera ngakuitwe, Ishe.

⁹ Asi Uyo watine hanyin’a yakanyanyisa maari husiku huno, kunze kwenyaya dzemaririro enyika yedu, pane Uyo mukuru anobwinya ari kuuya kuzogadza Humambo husingaperi, Ishe Jesu, Mwanakomana weNyu. Ipapo vachaunganidza zvombo, zviridzwa zvicharira uye kuchange kuisina dzihondo.

Vacharima minda yemizambiringa uye vogodya michero yawo. Vachavaka dzimba, vogodzigara. Uye hakuzombofi kwakava nematambudziko shure kwazvo.

¹⁰ Tiropafadzei zvino apo tave kusvika paShoko. Uye, Baba, iMi munoziva chikonzero ndiri kusvika paShoko zvichibva paGwaro irori chairo riri pano. Ndechokuti ndi—ndinonzwa kuti Munoda kuti ndizviite nenzira iyi, inova kuda kweNyu kwaMwari, zviri muhurongwa hweNyu, zviri mune. . . ndihwo hurongwa hwezuva, kuita kuti vanhu maererano nenzvimbo wavane nzwimbo dzavo uye kuti vazogadzirira nguva yehondo. Sekutaura kwaita hama yedu kwaMuri mumunamato nguva pfupi yapfuura, “Oo, iMi matidzidzisa kwenguva yakareba, Ishe.” Zvino, Baba, chitipai zvinzwimbo zvedu. Tiisei kunze uko kune zvatnofanira kuita, kuti tigova pabasa raBaba. Nekuti tinozvikumbira muZita raJesu, Mwanakomana weNyu. Amen.

¹¹ Ndava neandingati masikati akanaka nhasi, apo ndanga ndichitaura nachiremba ane mukurumbira muLouisville, nemukoti wake. Vakanzwa pamusoro pezvinhu zvinoshamisa zvaShe. Uye baba vemukoti uyu vakange vari chiremba. Zvino auya akagara mukamuri yangu chikamu chikuru chemasikati, angouya, zvokungouya. Munhu anoyemurika kwazvo; akaita seekati womararei, munoziva, akaita semuPresbyteriani akati pererei, chaizvo kubva pakutanga, asi azobva misodzi yave kuyerera pamatama ake. Oo, ini. . . Mwari anavo vakangodyarwa kwese-kwese, mumahofisi anachiremba, mune vanamukoti. Handitendi kana paine mukoti ari paNorton’s Infirmary Hospital wandisina kupupurira pamusoro pekuva neMweya Mutsvene, uye ndikamubvunza kana akange akabhabhatidzwa muZita raJesu. Hakuna chiremba wandakasangana naye, chero kupi, kana hapa-. . . Maona?

¹² Vaudzei pamusoro paWo. Hatichisina nguva yakawanda, hama. Zvisinei kuti zvinoratidzika kuoma sei pano, ingomira kusvika wayambuka muganhu wekupedzisira mhiri ugoona, zvino unozodomba kuti dai wakazviita. Hongu, changamire. Usamirire kusvika panguva iyoyo, ngatizviitei iko zvino. Ino ndiyo nguva yacho. Oo, vanogona kusawirirana nazvo, vachipopota nekukakavara zvishoma pamusoro pazvo, asi vanenge vasingarevese. Vanenge vasinganyatsode kudaro. Ivo—ivo—ivo vanenge vari kunatsa. Vakasvika pakukakavara newe, ingo—ingorangarira, va—vanenge vasinganyatsorevesi. Vanenge vasingade kudaro. Vanogona kunge vakadzidziswa chimwe chinhu zvino vongobatirira kwachiri, zvino mu—munokwanisa kuona pfungwa yavo. Musakakavadzane navo, musakakavadzane naani zvake, asi ingovadai kusvika vanyatsopinda maZviri. Mozovanamatira.

¹³ Zvakanaka, ndinofunga kuti takasvika pandima 9, handina chokwadi. Kure chaizvo nechitsauko 3, handizvo here, varume? Asi oo, Hungori huchi huri muibwe, kwandiri!

Tanga tichitaura zvino, rangarirai, kuti tiwane nheyo diki zvakare. Uye zvino, Hama Neville, mo—mondidhonza zvisihoma kana ndikakundikana kuona kuti nguva iri kupera, kuti ndigokwanisa kuva nemunamato wevanorwara. Tinoda kuwana kachikamu kadiki kese katinokwanisa kuwana. Uye husiku huno ndiri kuda kudaidzira vanhu kuti vauye paaritari. Ini . . . Ndogumira pane aya andinokwanisa kuti ndizoaverenga ari ese asara.

¹⁴ Asi chinangwa cheizvi, ndechokuti, uone nzvimbo yako munaKristu, uone kuti hachisi chinhu chawakangwira machiri, kana chimwe chinhu chingadaro chaka . . . chawakakodzera pane imwe nzvimbo, asi ndeicho chawakaitirwa naMwari, pachaKe. Kwete nekuti wakange wakanaka zvakanyanya zvokuti wakaenda kucheche umwe usiku, apo imwewo hama inonzwisa tsitsi yakakutungamirira kuaritari. Zvino zvakange zvisiri izvo. Aiva Mwari, nyika isati yavambwa, akafanokutemera kuHupenyu Husingaperi. Pauchasvikako nezuya iroro, ndicho chikonzero vane makumi mana . . . vakuru makumi maviri nevana vakabvisa korona dzavo, munhu wese akaisa korona yake pasi, mumwe nemumwe wavo akawa nechiso chake, vakange vasina chinhu chimwe chete chavaikwanisa kutaura, hapana muparidzi, hapana mukuru, hapana kana mumwewo. Kurumbidza kwese ngakuve kuGwayana! Mwari achaunganidza maAri zvinhu zvose nezuya iroro. Oo, dai taibvira taziva nekucherechedza kuti Aiva ani Uyo wavakaroverera. Zvino pane . . .

¹⁵ Totangira pandima 8, tiwane nheyo diki.

Idzo dzaakawanza kwatiri nekuchenjera kwose nekuziva;

Akatizivisa chakavanzika chokuda kwake, . . .

¹⁶ “Zvakavanzika zvekuda kwaKe.” Uye munorangarira here kuti tagara zvakadini pazviri? Vangani vanga vari pano mangwanani ano, regai tione. Kutu tagara zvakadini pazviri, “chakavanzika chokuda kwaKe.” Zvino, hachingove chinhu chidiki, nekudaro ichakavanzika. Kuda kwaMwari ichakavanzika. Uye munhu woga-woga anofanira kutsvaga kuda kwaMwari pachezvake murume kana mukadzi, chakavanzika chaMwari.

¹⁷ Tinokuwana sei? Pauro, kwakaziviswa kwaari. Akati haana kurangana nemunhu upi zvake, hapana nyama neropa. Hakuna chikoro chaakaenda, hapana kuseminari. Akange asina chokuita nayo. Asi iye . . . Kwakazarurwa kwaari naJesu Kristu, Uyo akasangana naye ari munzira kuenda kuDhamasiko, ari muchi—Chiyedza chakaita seShongwe yeMoto, uye Chakamudeedza. Zvino akaenda kuArabia, akandogara ikoko makore matatu. Oo, hamungafunge here kuti yaiva imwewo nguva, Hama Egan? Makore matatu Pauro ari zasi ikoko kuArabia, akava neimba

diki yaaibhadharira rendi pane imwe nzvimbo, achifamba achikwira nekudzika pasi pauriri, aine zvinyorwa zvese zvekare. Vakange vasina matsva; Pauro akaanyora, mazhinji acho. Imomo chaimo mune zvinyorwa zvakare, kuti Mwari, pakutanga, akafanotitemera kuHupenyu Husingaperi. Kuti Aizotuma Jesu, kuti kubudikidza neChibairo ichi tose taizova nekodzero kuMuti weHupenyu. Avo vaAkafanoziva, Akavadana; avo vaAkadana, Akatovaruramisa; avo vaAkaruramisa, Akatovabwinyisa nechekare. Mwari, kubva pamavambo enyika, akafanotitemera kuti tigadzwe sevanakomana. Zvino zvisikwa zvese zviri kugomera, zvakamirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari. Oo, ndinofungidzira Pauro akava nenguva inoshamisa kwazvo. Ndaingada kunge ndaiva ikoko pamwe naye. Hawaingadawo here?

¹⁸ Zvino akati, “Akatizivisa chakavanzika.” Wana Mweya Mutsvene pauri imwe nguva, wotanga kuronda Izvozvo uchingotarisa kuti Unofamba sei. Masikati ano ndava, oo, angaita maminiti makumi matatu ekunzvera, ndichingotarizave chidzidzo; zvichida anga asiri, ndingati hafu yacho, maminiti gumi nemashanu pakati penguva dzacho. Zvino ndatanga kuronda, zvino ndikafunga, “Chakavanzika, ichakavanzika zvakadini!” Zvino Gwaro randitakura kundidzoserera muTestamende Yekare, ndokundidzorera muTestamende Itsva; ndokusunganidza chimwe chinhu pamwe chete, ndokuona chakavanzika choKuuya Kwake, chakavanzika chokuda kwaKe, chakavanzika chokuungana kwedu pamwe chete. Rangarirai, hachikwanise kudzidziswa kuseminari ipi zvayo. Ichakavanzika. Haukwanise kuchiziva nedzidzo, kana dzidzo yezvekunamata. Ichakavanzika chakanga chakavigwa kubva pamavambo enyika, chichimirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari.

¹⁹ Ndiudze, hama yangu, ndiudze, hanzvadzi yangu, ndeipi nguva iyo vanakomana vaMwari vakange vachazoratidzwa kunze kwenguva ino? Pakambobvira paita here nguva munhorondo, apo paifanira kuratidzwa nguva yekudzikinura zvisikwa zvese? Zvisikwa, zvisikwa pachazvo zviri kugomera, zvakamirira nguva yekuratidzwa. Handiti, yananiso isati yaitwa, Mweya Mutsvene usati watombodururwa, kusati kwave neTestamende yese—yese Yekare, zvichidzika zasi ikoko, hazvaikwanisika kuti kuve nekuratidzwa. Zvaifanira kumirira kusvika nguva ino. Zvino zvinhu zvose zvakaunzwa, zvichiuya, zvichiumbika kusvika paibwe repamusoro, kusvika pakuratidzwa kwevanakomana vaMwari vachidzoka, uye mweya vaMwari uchipinda muvarume ava, zvakanyatsokwana, kusvikira shumiro yavo ichava pedyo zvakananya seyaKristu kusvikira ichabatanidza Iye neChechi yaKe pamwe chete.

²⁰ Vangani vakambonzvera nhorondo yemapiramidhi? Ndinodaira zvichida pane mudzimai mumwe chete asimudza

ruwoko rwake. Zvakanaka.

²¹ Mwari akanyora maBhaibheri matatu. Rimwe racho raiva Zodhiyaki muchadenga, rinova Bhaibheri rekutanga. Munhu aifanira kutarisa kumusoro kuti acherechedze kuti Mwari anobva kumusoro. Tevera Zodhiyaki, makamborinzvera here? Rinotoratidza zera roga-roga, kunyangwe zera rekenza. Rinopa mavambo, yekuta... kuberekwa kwaKristu. Ndechipi chiratidzo chekutanga muZodhiyaki? Imhandara. Ko chii chinhu chekupedzisira? Leo shumba. Kuuya kwekutanga neKuuya kwechipiri kwaKristu, zvose hazvo zvakanyorwa imomo.

²² Zvino Bhaibheri raitevera rakanyorwa, raiva mumatombo, anonzi “mapiramidhi.” Mwari akanyora mumapiramidhi. Kana mukaanzvera, tarirai nhorondo dzepasi-chigare nedzihondo, kuti akavakwa nyika isati yaparadzwa nemafashamu emvura.

²³ Rechitatu rakanyorwa pabepa, Bhaibheri, kuitira nyika huru, yakangwara inoshandisa pfungwa yaizouya. Zvino, sekufamba kwaita Mwari achidzika nemuzera, tava pana Leo shumba. Tave pakuiswa kwedombo repamusoro pepiramidhi. Tave muBhuku reZvakazarurwa, pachitsauko chekupedzisira. Vesainzi vanoti tave nemaminitsi matatu tisati tasvika pakati pehusiku. Oo, fungai pamusoro pepatave.

²⁴ Uye cherechedzai, ngatitorei piramidhi, iri nyore. Yakavakwa yakaita sechinhu chine makona matatu.

²⁵ Apo takange tiri zasi kuno tichitangira pazera repamavambo rechechi, mushure Mokuvandudzwa munguva yaLuther, munhu kungoti ati aiva Mukristu, ipapo zvaireva hupenyu hwake kana kufa. Vaimuuraya nekungoti ati aiva Mukristu. Nekudaro kupfuura nemuktambudzwa... Zera roga-roga, kupfuura nemunguva dzose, pakava nekutambudzwa. “Vose vanorarama zvine humwari muna Kristu Jesu vachatambudzwa.” Muzera raLuther, zvainge zvakaipisira kuti uti “muLutherani.” Waionekwa semupengereki, uye waitogona kuuraiwa. Nguva zhinji vaivaarayira pamatanda, vachivapisa, nezvimwe zvese, nokuti vaiva maLutherani.

²⁶ Zvino chechi yakatetepa, sezvakaita piramidhi. Yakapinda mune rimwe danho renyasha, raiva kucheneswa. Munguva yaWesley, apo paakapikisana nechechi yeAnglican, akadzidzisa kucheneswa. Chechi yakasvika pakuva vashoma zvakare, zvino vakazodaidzwa kuti boka revapengereki.

²⁷ Vangani vari muno vaiva maMethodisti, kana kuti vaisimbova, kana kuti pane imwe nguva vaimbova vakabatana nechechi yeMethodisti? Chikamu chepakati chenyu. Maiziva here kuti chechi yeMethodisti yakapotsa yawana Mweya Mutsvene pane imwe nguva? Ndakaenda kumachechi eMethodisti ndikavaona vachiwira pasi, vachivamwaya mvura kumeso kwavo vachivapumha-pumha nechinopumhiswa, kuti Mweya Mutsvene usauye pavari. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, ichi

ichokwadi, zasi uko kumakomo ekuKentucky uko kwataiva nemaMethodisti. Imi varume mava kungojoina chechi kunze kuno. Taiva nemaMethodisti kareko, nemaBaptisti. Taipfugama paaritari torovana kumusana kusvikira tawana chimwe chinhu. Pataibuda, tairarama zvakasiyana shure kwezvo.

²⁸ Asi unongouya woisa zita rako mubhuku woti, “Ndiri muMethodisti.” Zvino motora kasha yemunyu zvino mosaswa tumvura tushoma pamuri, zvino ndizvo zvega. Mobuda monopfeka zvikabudura, muchipenda kumeso, moita mitambo yemabhiza, mobheja, motamba makasa, motamba njuga nezvimwe zvese, muchingori maMethodisti akanaka, munoono. Havasi maMethodisti. Vanongori vekujoina chechi bedzi. Ndizvozvo. Baptisti, ndizvo zvimwe chete, Presbyteriani, zvichienda zvichidzika zvakadaro nenzira imwe cheteyo.

²⁹ Sekutaura kwakaita David duPlessis achiti, “Vazukuru, Mwari haana kana vazukuru.” Mwari haana kumbobvira aita muzukuru. Ane vanakomana, asi haana vazukurukomana. Ndizvozvo chaizvo. Imi...nevanhu vanouya kucheche yeMethodisti, kana chechi yePentekosti, kana chechi yeBaptisti, nechikonzero chekuti baba kana mai vako vaiva muPentekosti kana muBaptisti, nekudaro uri muzukurukomana. Ivo vaiva vanakomana. Iwe uri muzukurukomana, munoono. Saka Mwari haana chinhu chakadaro. Chechi ine vakawanda vakadaro, asi kwete—asi kwete avo—kwete avo—kwete...Mwari haana.

³⁰ Zvino, cherechedzai izvi, ichienderera mberi ichidzika kusvika zvino, payava kuva muhushomanani, iyo chechi. Zera rePentekosti ndokupinda. Chokwadi rakadimura magadhi mazhinji. Zvino yakaitei? Yakangosiya maMethodisti nemaLutherani vose kumashure.

³¹ Zvino Mweya Mutsvene wakafamba kubva pazera rePentekosti. Vakaitei? Vakaita sangano, vakazviti, “Isu tiri veAssemblies of God. Isu tiri maOneness. Isu tiri maTwoness. Isu tiri vechurch of God. Tiri *chino*, kana *icho*. Usiri nhengo, haukwandise kupinda Denga kusara kwokunge waisa zita rako pabhuku redu.” Oo, zvinhu zvisina maturo zvakadai! Handina hanyn’a kana uri muBaptisti, Methodisti, Presbyteriani, unoisa zita rako muBhuku reHupenyu apo parinoiswa ipapo naMwari. Kana uchinge wakafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi, Mwari anokudana nefamwe nzira, nemamwe maitiro, imwe—imwe nzira kana imwewo. Zvirokwazvo anozodaro. “Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Hazvinei nekuti uri wechechi ipi, izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Asi sangano harife rakaita chinhu chimwe chete kwauri, asi rinokwanisa kukudzivisa zvikuru pakufambira mberi naMwari, asi hari—harife rakaita chimwe chinhu. Rinokuunganidzai muboka revatendi nevasingatende. Ndizvozvo, unosangana nazvo kwese—kwese kwaunoenda, uye vakatombenge vainazvo izvozvo

Kudenga. Saka, zvakanaka, asi wakatarisa kusangano rako. Tarisa kuna Jesu, Ndiye Wacho wokutarisa.

³² Zvino patiri kunyatsosvika zasi kune... vakanga vaine... Vangani... Ndinotenda mudzimai uyu ari pano asimudza ruoko rwake, kuti makanzvera nezvemapiramidhi. Munoziva, piramidhi iyi haina kubvira yakaiswa ibwe repamusoro. Yakaiswa here? Haina kumbobvira yaiswa ibwe repamusoro pairi. Havana zvachose, havana kutombokwanisa kuriwana. Havatombozivi chakaitika kwariri. Sei? Sei ibwe repamusoro risina kubvira raiswa pairi, iro ibwe repamusoro, pamusoro paro? Nekuti Akarambwa paAkauya. Ndiye aiva Ibwe rakarambwa. Ndizvozvo chaizvo. Asi richazoiswa. Ndizvozvo. Uyezve mabwe aya achagarwa neIbwe repamusoro iri, achafanira kunge ari mabwe achange akanyatsofanana zvizere neIbwe iri, achanyatsokwanirana naro, paanobatanidzwa nepamwe—pamwe pose. Piramidhi iyi yakanyatsokwana kusvikira haukwanise kufambisa chisvo pakati pawo, panogarana mabwe aya. Humhizha hwekuvaka hwakanakisisa. Mamwe acho airema mazana paaisimudzwa mudenga, uye akanyatsogadzikwa pamwe chete zvakakwana.

³³ Ndiyo nzira iyo Mwari yaAri kuunza Chechi yaKe. Takabatanidzwa pamwe chete tichinyatsopindirana, mumoyo mumwe nemuhumwe. Zvino mumwe munhu angati, “Saka, maLutherani kumashure uko vakange vasina chinhu.” Usazvitende izvozvo. MaLutherani vachamuka parumuko sezvakangofanana nevamwe vose vachamuka parumuko. MaBaptisti, Presbyteriani, nevana vaMwari vose, vachamuka parumuko urwu. Zvino ndicho chikonzero nhasi uno vanhu vachiti, “Oo, saka, kuchava nerumutsiro rwuchatsvaira rwuchienda kunze kuno rwuchinoponesa zana remamiriyoni remaPentekosti. Vachaponeswa vese uye ndiko kuchave neKubvutwa.” Wakapotsa. Kubvutwa uku kuchave nemazana ezviuru, ndizvozvo, asi vachange vachibudawo pamakore zviuru zvitanzhatu zveruponeso zvakare, makore zviuru zvitanzhatu kudzoka kumashure. Munhu anofamba muChiyedza panouya Chiyedza kwaari, anoyambuka mazambuko paanosvika kwaari. Zvino, kana akaChiramba, ipapo anosiiwa ari murima. Asi akaramba achifambira mberi!

³⁴ Zvino, cherechedzai, nekudaro Kuuya kwaIshe Jesu kwave pedyo zvakananyanya kusvikira Mweya uchibva zasi kuno... uchangotanga pakururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, uye zvino tanyatsosvika panguva yekuuya kweIbwe repamusoro. Chechi inofanira kunge yakanyatsofanana naKristu kusvikira Kristu neChechi vokwanisa kubatana pamwe chete, Mweya mumwe chete. Uye kana Mweya waKristu uri mauri, Unokuita kuti urarame hupenyu hwaKristu, uchizvibata maererano neHupenyu hwaKristu, uchiita mabasa aKristu. “Uyo anotenda maNdiri,

mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo.” Jesu akataura kudaro. Maona? Zvino tichazenge tave, tine shumiro iri kuuya ichange yakanyatsofanana nehupenyu hwaKristu. Shumiro iyi inoratidza chii? Kuuya kwaShe.

³⁵ Zvitarisei munyika nhasi, mugotarisa zviri kutaurwa naKhrushchev, zvese zvimwe zvinhu zvikuru izvi, nekupesana kukuru kwapararira pasi rose kwavepo, panguva ipi zvayo, inogona kuita hupfu panguva ipi zvayo. Ndizvozvo chaizvo. Uye kana zviri izvozvo, tinoziva kuti izvi zvave pedyo. Munhu wese ane pfungwa dzakakwana anokwanisa kuverenga mupepanhau kana kuteerera redhiyo, obva aziva kuti izvozvo zvave pedyo. Zvino, rangarirai, Kristu anovinga Chechi yaKe izvozvo zvisati zvaitika. Nekudaro Kuuya kwaIshe Jesu kwave pedyo zvakadini? Zvichida musangano uno usati wapera husiku huno. Tave panguva yekuguma. Zvirokwazvo ichokwadi.

³⁶ Tarisai chechi apo payaiuya, apo payaifamba. Ingozvitora mupfungwa dzako, imi nyanzvi dzenhoroondo vanonzvera nhoroondo. Tarisai pachechi yeLutherani pasi pekururamiswa, payakanga ichangobuda muchiKatorike, itarisei ichifamba. Zvino motarisazve pana Wesley achiuya achiswedora pedyo, achipinda mukucheneswa, achipinda-pinda nemuMagwaro. Tarisai pakati pachochaipo, veHwisiri. Zvino chinhu chakatevera raiva zera rePentekosti. Zvino zera rePentekosti raiva nekudzoreredzwa kwezvipo, zvipo zvepamweya. Zvino, tarisai kuzera riri kuuya zvino richisvika chaipo paBwe repamusoro. Muri kuona zvandiri kureva here? Kuuya kwaShe, kuchiziviswa. Mwari nezvisikwa vose vakamirira kuti chechi maererano nenzvimbo iwane nzvimbo yayo.

³⁷ Dambudziko ranhasi, ini...potse munhu wese wandakasangana naye. Ndakabuditswa, taitora...ndinofanira kuongororwa mutumbi wangu, munoziva, kana tiri kuenda mhiri kwamakungwa, imi mamishinari nevakadaro munozviza. Pandaiongororwa vakandiburitsa mukamuri imomo, ndakange ndichinwa iya yakare...yaiita kwandiri sousvusvu, kana bota, kana chimwe chinhu, zvino nda—ndakange ndichizvinwa. Ndakabuda imomo, ndokugara pasi, ndokumirira kwehafu yeawa kuti zvionekwe kana zvainge zvazobuda mudumbu mangu here kana kwete. Ndakabva ndatarisa kune rimwe divi ipapo, wanike kune munwe mudzimai mudiki, aitaridzika seakange oda kufa. Akange akanyatso...tumakumbo tudiki netumaoko tudiki. Uye ndakaramba ndichifamba ndichidzika kubva pane mumwe munhu ndichienda pane mumwe munhu, ndichibva pane munhu uyu ndichienda pane mumwe munhu uyu, ndichiswedora pedyo naye, kusvikira ndasvika paaiva. Mudzimai uyu ainzwisa tsitsi airatidzika seakange oda kufa. Zvino ndakanyatsosvika pedyo naye, ndikati, “Pamusoroi, amai.”

Akati, “Makadini?” Oo, akange achirwara zvakanyanya!

Uye ndikati, “Chii chiri kunetsa?”

38 Akati, “Ndakaenda kuTucson kundoshanyira mwanasikana wangu. Ndakarwara, havasi kukwanisa kuona dambudziko racho.”

39 Ndikati, “Chinhu chimwe chete chandinoda kukubvunzai.” Ndikati, “Ndiri muparidzi weVhangeri. Muri Mukristu here? Makagadzirira kuenda here kana nguva iyi ikauya?”

Uye akati, “Ndiri nhengo yechechi *yakati-ikati*.”

40 Ndikati, “Handiwo mubvunzo wandakubvunzai. Muri Mukristu here akazadzwa neMweya waMwari uye makagadzirira kuenda paAnokudaidzai?” Mudzimai wacho akange asiri kutomboziva zvakadenge ndichitaura pamusoro pazvo. Maona? Oo, chinhanho chinopisa tsitsi zvakadini icho nyika iri machiri!

41 Zvino, “ndokutizivisa zvakavanzika zvekuda kwaKe,” kuuya... Regai ndikuverengerei chimwe chinhu. Ndange ndichiverenga muna... Ngativhurei zvino kune “chakavanzika chokuda kwaKe.” Ngativhurei kuna VaHebheru pano kwechinguana, chitsauko 7 chaVaHebheru, ndinotenda ndicho. Uye ndinoda kukuverengerai chimwe chinhu chichangokuita kuti unzwe zvakana kwazvo apo tichifunga pamusoro pedu takagara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga. VaHebheru, chitsauko 7.

Nekuti Merikizedheki uyo, (zvino tarirai) mambo weSaremi, muprisita waMwari wokumusoro-soro, . . .

42 Chii chakavanzika zvino? Hechino chakavanzika, tarirai izvi. Muchinda Uyu ndiyani, “ari kuita, ari kuzivisa, chakavanzika chekuda kwaKe,” Merikizedheki uyu? Ndakamirira munhu wese pano, maBhaibheri achiri kuvhurwa. VaHebheru, chitsauko 7, Pauro achitaura, anova murume mumwe chete weVaGaratia.

Nekuti Merikizedheki uyo, mambo weSaremi, muprisita waMwari wokumusoro-soro, . . . wakasangana naAbrahama pakudzoka kwake andouraya madzimambo, akamuropafadza;

Abrahama akamupawo chikamu, chegumi chezvose; iye pakutanga zviridziri, ari Mambo wokururama kana zvichidudzirwa, . . . uyezve. . . Mambo weSaremi, (Muchinda uyu Ndiyani?) anova, Mambo werugare;

Asina baba, asina mai, asina dzinza, asina kutanga kwemazuwa, kana kuguma kwehupenyu; . . .

43 Murume Uyu aiva ani? Aiva Ani? Haana kumbobvira ava nababa, haAna kumbobvira ava naamai, haAna kumbobvira Ava nemavambo, kana kumbobvira ava nenguva yaAchazofa. Akasangana naAbrahama achibva kundouraya madzimambo. Akange achiitei? Akange abuda kundatora

Roti, hama yake yakange yarasika, kuti amudzose. Zvino akauraya madzimambo; avo, madzimambo aakange auraya; ndinotenda aiva madzimambo gumi kana gumi nevashanu, pamwe nehumbambo hwavo. Asi Abrahamu wakapa varanda vake zvombo zvino ndokumutevera, akazvipatsanura nguva yehusiku, munoono, paakanomutora panguva yehusiku. Oo, hama, tiri kushanda murima zvino, Chiyedza choga chatiinacho ndicho Chiyedza cheVhangeri. Asi akazvipatsanura, akamubata akamudzosa. Zvino munzira yake yekudzoka, shure kwokunge hondo yapera!

⁴⁴ Ngatiendei kuna Genesi 14, kweminiti, tiwane nyaya yacho yakajeka zviri nani. Ngatiendei muno muna Genesi, yechina-...Ndinotenda ndeye chi 14, Genesi 14. Hongu, ngatitorei Genesi 14:18, totanga. Ngatitangei kumashure kwacho zvisoma. Ngatitangei, hongu, ndima 18, Genesi 14:18, “Uye Merikizedheki...” Zvino, apa ndiAbrahamu ave kudzoka zvino kubva kundouraya madzimambo. Ndokudzoka, ari munzira yake yekudzoka, achidzosa Roti, nevanhu vose vavakange vatapa. Vose!

⁴⁵ SaDhavidhi, uyo akaenda akandotora...Dhavidhi akaiti? Akatora kachimvii kadiki, akaenda akanobvuta kagwayana kaduku kubva mumuromo weshumba. Fungai pamusoro pechimvii, achitevera gwayana. Ndiyani panyika pano angaita izvozvo? Ndiudzei kuti murume upi ari muno angaita izvozvo, simudza ruoko rwako. Ndinokuudzai nokukasika kuti uri kukanganisa. Hamuna kundiona ndichisimudza rwangu. Kwete, handaimboritevera kana nepfuti ye thirty-ought-six, zvachose. Asi akaritevera nechimvii, kanhu kadiki kakaita sekachikumba, kaiva netambo mbiri pakari, waizokavheya. Nokuti... Uye pakasvika nguva yekuti Gorati azvitutumadze, akaendera Gorati, ndokubva ati, “Mwari weKudenga akaita kuti ndidzikinure gwayana kubva mumuromo weshumba, kubva mumuromo wechitsere.” Aiziva kuti chakange chisiri chimvii. Raiva simba raMwari raienda naye. Ndiye Uyo akadzosa gwayana iroro.

⁴⁶ Uye ndizvo zvatinotaura muzuva ranhasi. Mwari ane vanaDhavidhi vari munharaunda, hongu changamire, avo vari kupa makwai aBaba chikafu. Uye apo neapo bundu rinouya, kana kenza inouya, kana chimwe chinhu, zvino chobva chasvetuka chichibva mumaoko achiremba. Izvozvo hazvimise Dhavidhi uyu, anobuda kunze onyatsotevera muchinda iyeye, nechimvii chidiki, chokuti, “Kumbira chipi nechipi muZita raNgu, chichapihwa.” Handina hanyin’ a, vanachiremba vanogona kuseka, uye vamwe vanhu vose vanogona kuita dambe naye, anongomutevera zvakadaro, achidzosa gwai iroro kudanga. Hongu, changamire. “Mwana waMwari, bvisa ruoko rwako paari!” Akadonhedzera shumba iyi pasi, zvino shumba yakabva yasimuka, akaibata nendebvu akaiuraya; kamukomana

kadiki katsvuku, zvichida airema mapaundi makumi masere kana makumi mapfumbamwe.

⁴⁷ Tarisai. Merikizedheki, Mambo weSaremi anova Mambo weRugare, zvino Saremi iyi iri pamusoro pechikomo. NdiMambo weJerusarema, ndiYe wacho. Ndiye chaIye wacho, Mambo weJerusarema. Iyo, Jerusarema yakatanga ichidaidzwa kuti Saremi, zvaiva rugare; ndiyo yaiva Jerusarema pakutanga, isati yapihwa zita rokuti Jerusarema. Akange ari Mambo weJerusarema. Akange ari Mambo wekururama, Mambo werugare, Mambo weSaremi. Akanga asina baba, Akanga asina amai, Akanga asina mavambo emazuva, Akanga asina magumo ehupenyu, Akanga asina dzinza. Oo, oo, oo! Muchinda Uyu ndiyani? Mutarisei. Shure kwokunge hondo yapera, shure kwokunge vawana kukunda, tarisai pane zvaAkataura. “Uye Merikizedheki,” ndima 18, yechitsauko 14, munaGenesi.

Merikizedheki mambo weSaremi akauya nechingwa newaini: iye wakange ari muprisita waMwari wokudenga-denga.

Akamuropafadza, akati, Abrama ngaaropafadzwe naMwari woKudenga-denga, muridzi wematenga napasi:

Mwari woKudenga-denga ngaaropafadzwe, wakapa vavengi venyu mumaoko enyu. Akamupa chegumi chevose.

⁴⁸ Ngativerengei mberi zvisihoma.

Zvino mambo weSodhoma akati kuna Abrahamama, Ndipe vanhu, ive utore hako pfuma.

Abrama akati kuna mambo weSodhoma, Ndakasimudzira ruoko rwangu kuna JEHOVHA, Mwari wokudenga-denga, muridzi wematenga napasi, (Tererai kuti akaripfupikisa sei, hamu, kuti akaripa sei kwaari!)

Kuti handingatore rushinda kana rukanda rwekusungisa shangu, uye kuti handitore kana chinhu chimwe, kwete chimwe chinhu kuti...uye murege kuzoti, icho chezvenyu, kuti murege kuzoti, ndini ndakapfumisa Abrama:

Kusara kwezvakyadiwa nemajaya chete, . . .

⁴⁹ Cherechedzai Merikizedheki uyu achangobva kusangana naAbrahamama paaibva kundouraya madzimambo. Chakavanzika chaMwari chave kuziviswa zvino! Akange ari Ani? Hakuna munhu. . . Havakwanise kuwana kana nhoroondo ipi zvayo pamusoro paKe, nekuti Akange asina kana baba, Akange asina kana amai, haAna kumbobvira ave nenguva yaAkatanga, haAna kumbobvira ave nenguva yaAizofa, saka zvisinei kuti Aiva ani Achiri mupenyu. Haana kumbobvira ave nemavambo, nekudaro haAikwanisa kuva mumwe munhuwo kunze kwaEL,

Elah, Elohim; anozviraramira ari oga, anozvigarira ari woga, Mwari Samasimba!

⁵⁰ Jesu aiva naBaba, Jesu aiva naamai; Jesu aiva nemavambo emazuva, Jesu akave nemagumo ehupenyu hwepanyika. Asi Murume uyu akange asina vose baba kana amai, ameni, asina baba kana amai. Jesu akange aina vose Baba naamai. Murume Uyu akange asina baba kana amai. Ameni. Zvino Wakaitei, shure kwokunge hondo yaperu, shure kwokunge Abrahamu atora nzvimbo yake?

⁵¹ Shure kwokunge chechi yatora nzvimbo yayo, tinodanwa kuti tizogadzwa sevanakomana, neMweya Mutsvene. Uye kana munhu woga-woga atora nzvimbo yake, kune zvaakadanirwa naMwari kuti aite, omira kusvikira kumagumo enzira, achitevera vakarasika.

⁵² Chekutanga, Pauro anobvisa kutyisa kwose kubva mazviri, nekudaro zvino, “Kana wakadanwa, kana usina kungoita manyawo mupfungwa dzako neimwe mhando yedzidzo yezvekunamata; kana wakanyatsoberekwa neMweya, zvino Mwari akafanokutemera nyika isati yavambwa, akaisa zita rako muBhuku reHupenyu reGwayana, uye zvino tinouya pamwe chete kuzogara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu. Vanhu vatsvene, rudzi rutsvene, vanhu vakapatsanurwa, huprisita wehumambo, vanopira zvibairo zvepamweya kuna Mwari, ndiko kuti, zvibereko zve miromo yedu zvichipa rumbidzo kuZita raKe.”

⁵³ Vanhu vanouya voti, “Vanhu ava vanopenga.” Chokwadi vanopenga; huchenjeri hwaMwari hupenzi kuvanhu, uye huchenjeri hwevanhu hupenzi kuna Mwari. Hunopesana, humwe kune humwe.

⁵⁴ Asi chechi yakanyatsozadzwa neMweya, yakazara nesimba raMwari, yakagara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga, vachipirisa zvibairo zvepamweya, rumbidzo dzaMwari, Mweya Mutsvene uchifamba pakati pavo, uchinzvera chivi nokudana zvinhu zviri pakati pavo zvakatsveyama, zvichitwasanudzwa nekuchiisa pachena nekuchienzanisa. Nechikonzero chei? Nguva dzose Chipiriso chiya chine ropa chinogara chiri muHupo hwaMwari.

⁵⁵ Zvino rangerirai, tapfuura nemazviri mangwanani ano. Hauna kuponeswa neRopa, Ropa ndiro rinoita kuti *ugare* wakaponeswa. Asi wakaponeswa nenyasha, kubudikidza nekutenda, uchitenda maRiri. Mwari akagogodza pamoyo pako nekuti Akafanokutemera. Wakatarisa kumusoro ukazvitenda, ukazvigamuchira. Zvino Ropa rinoita yananiso yezvivi zvako. Rangerirai, ndakati, “Mwari haapomeri mutadzi nemhaka yekutadza.” Mutadzi kubva pakutanga. Anopa mhaka yekutadza kuMukristu. Uyezve nekuti akamupa mhaka, Kristu akatora kupomerwa kwedu. Nekudaro hapana kupomerwa

kuna ivo vari munaKristu Jesu, vasingafambi vari munyama, asi vari muMweya. Uye kana ukaita chinhu chipi nechipi chisiri icho, hauchiiti nebwoni. Hautadze nebwoni. Munhu anotadza nebwoni, anobuda wonotadza nebwoni, haasati atombopinda muMutumbi nazvino. Asi munhu akangopinda imomo kamwe, akafa, uye hupenyu hwake hwakavanzwa munaMwari, kubudikidza naKristu, akasimbiswa neMweya Mutsvene, uye dhiyabhore haatombokwanisa kumuwana, ari mukati-kati imomo. Anotozofanira kuti abude imomo kuti dhiyabhore akwanise kumubata. “Nokuti wakafa!”

⁵⁶ Udza munhu akafa kuti uri munyengeri ugoona zvinoitika. Mukave parutivi woti, “iwe munyengeri wakare, iwe,” haataure kana shoko rimwe. Uye ndizvozvo chaizvo, anongoramba arere ipapo.

⁵⁷ Uye munhu akafa munaKristu, unokwanisa kumudeedza kuti munyengeri, womudeedza chero chipi chaungada, haafe akamuka nekuda kwazvo. Zvaangatongoita, anongoverevedza oenda pane imwe nzvimbo onokunamatira. Ndizvozvo. Asi, oo, vamwe vavo vachiri vapenyu zvakanyanya. Ndizvo zvandinofunga pamusoro pazvo, tinofanira kunge tichiviga vanhu vakafa. Avo vakafa munaKristu, tinovaviga mumvura. Dzimwe dzenguva tinoviga vanhu vakawandisa vachiri vapenyu, vane nduru nekukakavara zvakawandisa, uye zvakawandisa muchechi. Asi hatikwanise kuzvipatsanura, asi Mwari anozviita. Anoziva vanhu vaKe. Anoziva makwai aKe. Anoziva izwi roga-roga. Anoziva vana vaKe. Anoziva uyo waAnokwanisa kushevedza, Anoziva uyo waAkafanotemera. Anoziva uyo waAkapa zvinhu izvi kwaari, uyo waAri kuZvzivisa nemaari. Kuti iYe. . . Mwari anogona kuisa ruvimbo muvana vake, pane zvinoda kuitwa, achiziva kuti vanozozviita nemazvo.

⁵⁸ Munotenda kuti Mwari anoita izvozvo here? Handiti, Satani akati kuna—kuna Jobho rimwe zuva . . . akati kuna Mwari rimwe zuva, “Hongu, Mune muranda.”

⁵⁹ Mwari akati, “Hapana akafanana naye panyika yose. Murume akakwana.” Akave neruvimbo maari.

⁶⁰ Satani ndokuti, “Oo, hongu, zvinhu zvose zviru nyore kwaari. Ndiregei ndive naye kwechinguva chidiki uye ndichamuita kuti aKutukei muchiso cheNyu.”

⁶¹ Mwari akati, “Ava mumaoko ako, asi usatore hupenyu hwake.” Maona? Ndokubva aita zvose kunze kwokutora hupenyu hwake.

⁶² Asi, oo, Jobho, panzvimbo pekuti . . . akaitei? Akatuka Mwari here apo Mwari akatora vana vake, paakaita zvakaipa zvose izvi kwaari, nezvese? Jobho haana kubvunza. Akawa nechiso chake akanamata, hareruya, akati, “Ishe akapa uye Ishe akatora, Zita raShe ngarirumbidzwe!” Hezvoka izvo.

63 Mwari aiziva ruvimbo rwaKe muna Jobho. Mwari anoziva kuti Anovimba newe zvakadini. Anoziva kuti Anovimba zvakadini neni. Asi zvatiri kutaura nezvazvo zvino ndezvekuisa mwana uyu panzvimbo.

64 Zvino, apo Bhaibheri... Kana hondo yapera, kana zvinhu zvese zvapera, zvino chinhu chinotevera chatinoita chii? Ndechipi chinhu chatinoita kana hondo yapera? Maiziva here zvatinoita? Tinosangana naMerikizedheki. Ngativhurei munaMateo 16:16, nekukurumidza, tione kana zviri izvo kana kwete. Mutsvene Mateo, chitsauko 16 uye ndima 16. Ndinonyatsova nechokwadi kuti ndizvozvo, Mateo 16:16. Mateo wechitanhatu... Kwete, handizvo, haikwanise kuva pedyo zvakadaro. 26:26. Oo, 16 pano, Ari kutaura kuna Simoni Petro; ruregerero, ndange ndisiri kureva iyoyo. 26:26, nokuti pachirairo chekupedzisira, ndipo pandiri kuedza kuwana. Mateo, chitsauko 26 uye ndima 26. Zvino taiwana, ndipo patiri, pachirairo chekupedzisira.

Vakati vodya, Jesu akatora chingwa, akachiropafadza, akachimedura, ndokupa vadzidzi vaKe, achiti kwavari, Torai, muddye; ichi ndiwo muviri wangu.

Akatora mukombe, akavonga, akavapa, achiti, Inwai mose paUri;

Nokuti iri iropa rangu resungano itsva, iro rakadururirwa vazhinji kuti vakanganwirwe zvivi (z-v-i-v-i, zvivi, Makristu anoita zvinhu nenzira isiriyo).

65 Zvakanaka, "Asi—asi... " Teererai, pandima 29.

... ndinoti kwamuri, handichatongonwizve zvibereko zvomuzambiringa, kusvikira zuva iro randichazonwa naro nemi zvava zvitsa muhushe hwaBaba vangu.

66 Chii? Ndicho chinhu chimwe chete chakaitwa naMerikizedheki shure kwokunge Abrahamu atora nzvimbo yake. Akaronga vanhu vake, ndokukunda hondo, uye ange adzoka kumba, zvino Merikizedheki akauya nechingwa newaini. Shure kwokunge hondo yapera, ipapo tichazodya paMabiko eMuchato naIshe Jesu munyika itsva. Oo, Zita raIshe ngarirumbidzwe. Zvakanaka.

67 "Zvakavanzika zvokuda kwaKe, maererano nekufadzwa kwaKe kwakanaka," tohidzokera zvino zvakare kuna VaEfeso, 9, "izvo zvaAkupika maAri."

Kuti mumwaka wekuzara kwenguva...

68 Uye rangarirai kuti, tichangopfuura nemazviri. VaEfeso, chitsauko 1, ndima 10.

Kuti mumwaka wekuzara kwenguva...

69 Zvino, tadzidza kuti kuzara kwenguva kwakamirira chii? Kuzara kwenguva dzese, nguva iyo apo chivi chichapera, nguva iyo apo rufu rwuchapera, nguva iyo apo hurwere huchapera,

nguva iyo apo chivi chichapera, nguva iyo apo kutsveyamiswa kwose (zvinhu izvo zvakatsveyama, izvo zvakatsveyamiswa nadhiyabhore) zvichapera, apo nguva pachezvayo ichapera. Tarisai.

Kuti mumwaka *wekuzara kwenguva aunganidze* . . .
mune mumwe zvinhu zvose *munaKristu, zvose zviri kudenga, nezviri pasi; kunyangwe muna iye:*

⁷⁰ “Kuunganidza zvinhu zvose kubudikidza naKristu.” Sekutaura kwandaita mangwanani ano, mabwe ose maduku anokosha atinowana, zvinhu zvidiki izvi zvinokosha, unokwanisa kuzvikwenenzvera muna Genesi, unokwanisa kuzvikwenenzvera muna Eksodho, unokwanisa kuzvikwenenzvera muna Revhitiko, wozviunza zvichipfuura, nemuna Zvakazarurwa zvinozoguma zvave Jesu. Ukatora Josefa, ukatora Abrahamu, ukatora Isaka, ukatora Jakobho, ukatora Dhavhidhi, ukatora chero chezvinokosha izvozvo, avo varume vaMwari, zvino uone kana usingazooni Jesu Kristu achiratidzwa mune mumwe nemumwe wavo. “Kuti Agounganidza zvinhu zvose mune Mumwe chete, Kristu Jesu.”

⁷¹ Zvino, pamberi zvishoma zvino, zvino pandima 11.

Muna iyewo zvakare isu takawana nhaka, . . .

⁷² Oo, “nhaka.” Mumwe munhu anofanira kukusiira chimwe chinhu, kuti uzogara nhaka yacho. Ndizvo here? Nhaka! Nhaka yatiinayo ndeyei? Ndakange ndiine nhaka yei? Ndakange ndisina kana. Asi Mwari akandisiira nhaka paAkaisa zita rangu muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa.

⁷³ Oo, unoti, “Zvino, mirai zvishoma, hama, Jesu akaita izvozvo paAkakufira.” Kwete, haAna zvachose. Jesu akauya kuzonditengera nhaka iyoyo. Verenga inozotevera ndi- . . . mutsetse unobva watevera.

Muna iye isu zvakare takawana zviri pachena . . . takawana nhaka, yatakatemerwa kare maererano nechinangwa chaiye anoita zvinhu zvose nezano rokuda kwake kwakanaka:

⁷⁴ Mwari, nyika isati yavambwa, sekuzvitora kwaita tichidzika nazvo nemuchidzidzo, imi vanhu, taona sei kuti Mwari airarama ari oga, kuti maAri maiva nerudo. MaAri maiva nekuzova Mwari; pakange pasina chinhu chekuti chiMunamate. MaAri maiva nekuzova Baba; pakange paine . . . Akange ari oga. MaAri maiva nekuzova Muponesi; pasina chakarasika. MaAri maiva nekuzova Mupodzi. Ndi hwo hunhu hwaKe. Pakange pasina chinhu ipapo. Nekudaro iYe Omene pachaKe, zano raKe pachaKe rakanaka rakabereka zvinhu izvi, kuti Agokwanisa kubudikidza neMunhu mumwe chete uyu, Kristu Jesu, agozviunganidzazve zvese pamwe chete zvekare. Oo! “Ziso harisati ramboona, nzeve haisati . . .” Ndicho chikonzero chiri chinhu chakavanzika!

75 Tarisai, “akafanotitemera kunhaka iyi.” Kana ndiine kodzero kunhaka yechimwe chinhu, kana Mwari ari kugogodza pamoyo pangu uye achiti, “William Branham, Ndakakudana nguva refu yakapfuura, nyika isati yavambwa, kuti ugoparidza Vhangeri,” Ndine nhaka, nhaka yeHupenyu Husingaperi. Zvino, Mwari akatuma Jesu kuti nhaka iyi igova yemazvirokwazvo kwandiri, nokuti hapana chinhu chandaikwanisa kuita kuti—kuti ndizoisigara. Yakange isina chaivepo, asi yaivapo, pakange pasina chandaikwanisa kuita. Asi mukuzara kwenguva Mwari akatuma, munguva yaKe Omene yakamunakira, Jesu Gwayana, rakauraiwa nyika isati yavambwa. Ropa raKe rakadeurwa kuti ndizokwanisa kuenda kune nhaka yangu. Kuti ndive chii, nhaka yei? Humwanakomana, kuti ndigova mwanakomana waMwari.

76 Uye zvino Izvi zvinogona kukudzipai kusvika pakufa. Asi maiziva here kuti avo varume vari vanakomana vaMwari ndavanamwari vadiki? Vangani vakambobvira vazviziva izvozvo? Vangani vanoziva kuti Jesu akataura kudaro? Bhaibheri, Jesu akati, “Murairo wenyu hauna here kuti, pachezvawo, kuti muri ‘vanamwari’? Uye kana makavadaidza kuti vanamwari. . .” Izvo, Mwari akati muna Genesis 2 kuti vaiva vanamwari, nokuti vakange vari, vaine hutongi huzere pamusoro pehumambo hwenyika. Akamupa hutongi pamusoro pezvinhu zvose. Zvino akarasikirwa nehumwari hwake, akarasikirwa nehumwanakomana hwake, akarasikirwa nehutongi hwake, Satani akahutora. Asi, hama, takamirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari avo vanodzoka vogohutora zvakare. Takamirira huzaro hwenguva, apo piramidhi parinosvika pamusoro, apo vanakomana vaMwari vazere vacharatidzwa, apo simba raMwari richafamba richibuda (hareruya) uye richatora simba rose raakatorerwa naSatani. Hongu, changamire, nderake.

77 Ndiye Rogosi yakabuda kubva munaMwari, izvi ichokwadi, yaiva Mwanakomana waMwari. Zvino akagadzira munhu ari kamwari kadiki kaya. Uye Akati, “Kana vachidaidza avo vakavingwa neShoko raMwari, vaporofita, kana vachivadaidza kuti ‘vanamwari’ avo vakavingwa neShoko raMwari. . .” Uye Mwari akataura kudaro, pachaKe, kuti vaiva vanamwari. Akaudza Mosesi, “Ndakakuita mwari, ndikaita kuti Aroni ave muporofita wako.” Ameni. Fiyuu! Ndingaite semupengo wezvekunamata, asi handisi. Oo, kana maziso ako akakwanisa kuzaruka zvino woona zvinhu izvi. Zvakanaka. Akagadzira munhu ari mwari, mwari ari muhumambo hwake. Uye humambo hwake hunobva pane rimwe gungwa kuenda kune rimwe gungwa, kubva pane mamwe mahombekombe kuenda pane mamwe mahombekombe; ane hubati pamusoro pahwo.

78 Uye Jesu paakauya, ari Mwari Mumwe chete asina chivi, Akazviratidza. Paya mhupo padzakavhuvhuta, Akati,

“Rugare, ngapave nerunyararo!” Amen. Uye pane muti, Akati, “Ngapashaye munhu anodya kubva pauri.”

⁷⁹ “Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, imi muri vanamwari vadiki, kana mukati kugomo iri, ‘ibva,’ uye ukasapokana mumoyo mako, asi uchitenda kuti zvawataura zvichaitika, unokwanisa kuva nezvawataura.”

⁸⁰ Dzokera kumashure chaiko kuna Genesi, kune zvepakutanga, chii? Zvino nyika nezvisikwa zviru kugomera, zvichichema, zvinhu zvose zviru kufamba. Chii? Kuratidzwa kwevanakomana vaMwari, apo vanakomana vechokwadi, vanakomana vakaberekwa, vanakomana vakazadzwa pavanotaura zvino shoko ravo rinotsigirwa. Ndinotenda tave pamanganhu wazvo iko zvino. Hongu, changamire. Taura kugomo iri, ngazvive saizvozvvo.

⁸¹ “Hama, ndi—ndinoshuwa chinhu *chakati-nechakati*, chimwe chinhu kuti chiitwe. Ndiri mutendi munaJesu Kristu.”

⁸² “Ndinochipa kwamuri nemuZita raIshe Jesu Kristu.” Amen. Heko kuratidzwa.

⁸³ “Oo, hama, zvirimwa zvangu zviru kutsva kunze uko. Handina kunge ndawana mvura inonaya zvachose.”

⁸⁴ “Ndichakutumirai mvura inonaya, nemuZita raShe.” Ipapo ichabva yauya. Oo, kumirira, kugomera, zvisikwa zvose zvakamirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari. Mwari akazvitamera pamavambo. Mwari akapa munhu humambo.

⁸⁵ Akapa Jesu Kristu, uye Jesu akahupa muZita raKe, nekugutsikana uku, “Kumbira Baba chipi nechipi muZita raNgu uye Ndichachiita.” Oo, Hama Palmer! Kumirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari, nzvimbo yacho, chechi yacho!

⁸⁶ Sekutaura kwandakaita, Bhuku raVaEfeso ndiro Bhuku raJoshua, uye Joshua achiisa vanhu panzvimbo dzavanofanira kunge vari. Zvino, dai vaitadza kumira vakadzikama, zvino obva aisa Efraimi pano, uye apo panyika yaManase, zvino *wywo* aidzoka achikakavara nekupopota, ko vachazofambidzana sei? Apo mumwe achiti, “Ndiri muBaptisti, ndiri muMethodisti, ndiri muPentekosti, ndiri muOneness, ndiri muTwoness, ndiri *weYakati-ikati*.”

⁸⁷ Muchazviita sei? Mirai makadzikama! Mwari ari kuda kuisa Chechi yaKe panzvimbo, vanakomana nevanasikana vaMwari. Mwari, nditenderei kuti ndirarame kuti ndizvione, ndiwo munamoto wangu. Zvava pedyo zvakanyanya kusvikira pokuti potse ndave kukwanisa kuzvinzwa ndichizvibata nemaoko angu, zviru kuratidzika kudaro. Zvitori ipapo. Ndzivo zvandagara ndichishuwira kuti ndione, kumirira nguva apo unofamba uchidzika nemumugwagwa; hapo parere mhetamakumbo yakarara apo, kubvira mudumbu ramai vake, “Sirivheri nendarama handina.” Oo, kumirira kuratidzwa

kwevanakomana vaMwari, hareruya, apo Mwari Achazvizivisa, apo vachamisa hurwere, vachamisa kenza, vachamisa zvirwere.

⁸⁸ Munofunga kuti kenza chimwe chinhu? Bhaibheri rakati pane nguva ichauya apo vanhu vachaora munyama yavo, uye magora achadya mitumbi yavo vasati vatombofa. Kenza yakaita sekurwadza kwezino kune zviri kuuya. Asi, rangarirai, chinhu ichi chakaipisisa chakarambidzwa muzuva iroro kuti chibate avo vane Chisimbiso chaMwari. Ndizvo zvatiri kushingairira iko zvino, kuti tipinde uye toiswa panzvimbo dzedu muHumambo hwaMwari matenda aya akaipisisa asati arova. Oo, zvakanaka sei! Mwaka wenguva, huzaro hwenguva, iyo nhaka.

*Muna iye isuwo zvakare...takawana...nhaka,
yatakatemerwa kare...*

⁸⁹ Nhaka yedu yakapihwa kwatiri sei, kubudikidza nechii? Kufanotemera. Kufanotemera ndiko kufanoziva. Ko Mwari akaziva sei kuti Aizovimba newe kuti uve muparidzi? Kufanoziva kwaKe. “Kwete uyo anoda kana anomhanya, kana uyo...NdiMwari anoratidza tsitsi.” Ndizvozvo, kufanotemera. Akaziva zvaiva zviri mauri. Akaziva zvaiva zviri mauri usati watombouya panyika. Akaziva zvaiva zviri mauri pasati patombova nenyika yekuti uuye mairi. Ndiye—ndiye Iye. Ndiye Mwari asina magumo, asingagumirwe. Isu tine muganhu, tinongokwanisa kufunga zvine muganhu.

⁹⁰ Zvanga zvakanyanya kwandiri, kubvira apo pane zviya zvakaitika kwandiri. Handizive. Ndikafunga ikoko, pandakamira ikoko kwechinguva chidiki chemufaro, uye ndikafunga, “Hakuna mangwana.” Kwakange kusina nezuro, hakuna hurwere, hakuna kusuwa. Hakuna zvekuti kamufaro kashoma, kwozoti mufaro wakawandisa; unongova mufaro wese. Oo, ini zvangu! Oo, pandakamira ikoko zvino ndikati, “Chii ichi?”

⁹¹ Izwi riya rikati, “Urwu rudo rwakakwana, uye chinhu chose chawakambobvira wada uye chinhu chose chakambobvira chakuda chiri kuno pamwe newe iko zvino.”

⁹² “Uye iwe uchatiisa kuna Ishe Jesu apo paAnouya, semikombe yeshumiro yako.” Ndakaona madzimai aya ane runako akamira ipapo, vose vachindimbundira vachidanidzira, “Hama yangu inokosha, inodikanwa!” Ndikaona varume vaya nebvudzi riya risina kunyatsokamika rakarembere richisvika muhuro pano, vachimhanya, vachindimbundira vachiti, “Hama yedu inodikanwa!”

Zvino ndakafunga, “Izvi zvinorevei?”

Iye akati, “Ava vanhu vako.”

⁹³ Ndikati, “Vanhu vangu? Hazvikwanisike kuti kuve nevekwaBranham vakawanda kudai, apa pane mamiriyoni.”

⁹⁴ Akati, “Vanhu vako vawakatendeutsa!” Hareruya. “Vanhu vako vawakatendeutsa. Ndivo avo vaka . . .” Akati, “Unoona uyo akamira apo?” Mudzimai akanakisisa wandati ndamboona. Akati, “Akange apfuura makore makumi mapfumbamwe okuberekwa pawakamutungamira kuna Mwari. Ndicho chikonzero ari kudandizira, ‘Hama yangu inodikanwa.’” Akati, “Haachazombofi akakwegura zvakare. Akatopfuura kwazviri. Ave pakanakisisa pehumhandara. Akamira pano. Haakwanise kurara pasi obatwa nehope, nekuti haanete. Hakuna mangwana, hakuna zuro, kana chii zvacho. Tiri muna Ziendanakuenda iko zvino. Asi nerimwe zuva rakabwinyiswa Mwanakomana waMwari achauya, uye uchatongwa maererano neShoko rawakavaparidzira.” Oo, hama!

Ndakati, “Ko Pauro achafanira kuunza boka rake here?”

“Hongu, changamire.”

⁹⁵ Ndakati, “NdakaRiparidza chaizvo-izvo semataurirwo aRakaitwa naPauro. Handina kumbobvira ndatsauka, handina kumbobvira ndaunza kana zvimwe zvitendwa zvechechi kana zvimwewo. Ndakaramba ndakadaro.”

⁹⁶ Zvino vose vakandanidzira muhumwe, “Tinozviziva izvozvo! Takazorora nekugutsikana.” Vakati, “Uchatiendesa kwaAri, uye zvino tichazodzokera tose panyika zvakare, kunogara nekusingaperi.” Oo, ini zvangu!

⁹⁷ Ipapo ndakabva ndatanga kupepuka. Ndakatarisa, wakarara ipapo pamubhedha, ndichibva ndaona mutumbi wangu wakare kuno uri kukwegura nekuunyana, nekukokonyara ne—nekurohwa nehurwere nekutambudzwa, uye ndakaona maoko angu akatsamirwa negotsi rangu, zvino ndakafunga, “Oo, ndichafanirwa kuti ndidzokere muchinhu icho zvakare here?”

⁹⁸ Uye ndakaramba ndichinzwa Izwi riya, “Ramba uchishingaira! Ramba uchishingaira!”

⁹⁹ Ndakati, “Ishe, ndagara ndichitenda mune kupodza kwaMwari, ndicharamba ndichingokutenda. Asi ndichashingairira mweya iyo, nekudaro ndibatsirei. Ndichave nevakawanda ikoko vandicha . . . Nditenderei kuti ndirarame, Ishe, uye ndichaunza vamwe miriyoni ikoko, kana mukangonditendera kuti ndirarame.”

¹⁰⁰ Handina basa nekuti ndeve ruvara rwupi, chitendwa chipi, ndewenyika ipi, kana zvavari, vanova vamwe pavanosvika ikoko, uye miganhu yekupatsanura iyi inenge yapfuura. Oo, ndinokwanisa kuona madzimai aya, vainge vakanaka zvikuru; handisati ndamboona . . . dzainge dzichidzika zasi, vhudzi refu raidzika nekumusana kwavo. Marokwe marefu aisvika zasi. Vakange vasina shangu. Ndakaona varume vaiva nevhudzi rakaremba risina kunyatsokamika richisvika muhuro mavo,

dzvuku, dema, nemavara ose akasiyana-siyana. Uye vainge vachindimbundira. Ndaitonzwa kundibata kwavo. Ndainzwa maoko avo. Mwari ndiye Mutongi wangu, uye neBhuku rinoyera iri rakazaruka. Ndaikwanisa kuvanzwa zvimwe chete semanzwiwo andinoita maoko angu pachiso changu. Vakange vachindimbundira, pakange pasina manzwiwo anoita murume paanombundira madzimai sezvazviri zvino. Handina basa kuti uri mutsvene zvakadini, kuti uri ani, uri mhando ipi yemuparidzi, muprisita kana chero chipi chaungava, hakuna murume anotendera mudzimai omumbundira, pasingazoite manzwiwo evanhu. Ndicho chokwadi chaicho. Asi, hama, paunoyambuka pakati pekuno neikoko, hazvina kudaro ikoko. Oo, ini zvangu! Zvakanyanya... Oo, kune... Hazvikwanisike. Runongova rudo chete. Zvinhu zvese ndezvemazvirokwazvo hama uye zvinhu zvese ndezvemazvirokwazvo hanzvadzi. Hakuna rufu, hakuna kusuwa, hakuna goda, kana chimwe chinhu, hakuna chinokwanisa kupindako. Kunongori kwakakwana. Ndizvo zvandiri kushingairira. Ndizvo zvandiri kuisira panzvimbo.

¹⁰¹ Ndakati, “Oo Ishe, ndicho chikonzero ndiri pano pachechi, ndichiedza kuisa chechi muhurongwa.” Ndichikuudza iwe, hama nehanzvadzi, kuti pane chinhu chimwe chete chinokwanisa kupinda ikoko, chinova rudo rwakakwana. Kwete nekuti wakatendeka kuBranham Tabhenakeri, kana kucheche yeMethodisti kana chechi yeBaptisti. Idzodzo dzakanaka, unofanira kudaro. Asi, oo, shamwari, munofanira... Kwete nokuti wakataura nendimi, ukatamba muMweya, nokuti wakadzanga madhimoni kana kufambisa makomo nekutenda. Izvozvo zvakana, nekuti zvakana, asi kunyangwe zvakadaro kusara kwokunge rudo rwuya rwakakwana rwemazvirokwazvo rwavemo. Ndiko kwaiva nerudo rwakakwana. Uye ndicho chinhu chega chichaita kuti upinde ikoko. Ndicho chinhu chega chinokwanisa kugara ikoko, ndicho chinhu chega chaivako, ikoko. Oo ini zvangu! Kugadzwa. Mwari, nyika isati yavambwa.

¹⁰² Zvino, ngatichimbizikei, ngatipedzei chitsauko chimwe chete ichi, zvakadaro, kana zvichikwanisika, mumaminitisi gumi anotevera.

Muna iye isuwo takawana nhaka . . . (Tinowana nhaka yei? Hupenyu Husingaperi) . . . yatakatemerwa kare . . .

Sei? Munhu wese anozvinzwisisa here izvozvo? Wakadana pana Mwari here? Kwete, Mwari akakudana. Vamwe vanhu vanoti, “Oo, ndakangotsvaga Mwari, ndikatsvaga Mwari.”

Hauna kudaro. Hakuna munhu akambobvira atsvaga Mwari. NdiMwari anotsvaga munhu. Jesu akati, “Hakuna munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri kunze kwokunge Baba vaNgu vamudhonzwa kutanga.” Munooona, hunhu hwemunhu kutiza achibva kunaMwari. Uye unoti zvino . . .

103 Izvi, ndizvo zvinondikanganisa, ndingadaro, kuti ndiparidzire imi vanhu; musarambe muri muchinhanho chimwe chete chamange muchifamba machiri, shandukai zvino! Ndinzwei apo ndichizvitaure, ZVANZI NAJEHOVHA. Handina kumbobvira ndazvidana izvi, handisi. Asi munondidaidza kuti muporofita wenyu, kana kuti muporofita. Nyika yese inozvitenda kudaro, nyika dzese, mamiriyoni nemamiriyoni nemamiriyoni evanhu. Ndakataura ndakatarisana uyezve ndisina kutarisana nemamiriyoni gumi kana—gumi kana gumi nemaviri evanhu, kana kudarika, ndichitaura ndakanyatsonangana navo. Ndakaona makumi ezviuru ezvionwa nezviratidzo nezvishamiso, uye hakuna kana chimwe chazvo chakambobvira chakundikana. Uye ndizvozvo chaizvo. Akafanondiudza zvinhu zvisina kumbobvira zvatadza kuitika nemo-nemo. Ndingaunze munhu upi neupi zvake kuti azvipikise izvozvo. Handizviti ndiri muporofita, asi munonditeerera.

104 ZVANZI NAJEHOVHA, zvichatora rudo rwakakwana kuti rwukuisse munzvimbo iyi, nekuti ndirwo rwega rwaivako. Zvisinei nekuti imari yakadini, kuratidzwa kwakadini kwezviitiko zvekunamata, mabasa akawanda zvakadini awakaita kana chero chipi chawakaita, izvozvo hazvizorevi chinhu nezuva iroro. Zvichatora rudo rwakakwana. Nekudaro chingave chipi chaungaite, sendeka zvinhu zvose parutivi kusvikira wanyatsozadzwa nerudo rwaMwari kusvikira wave kukwanisa kuda avo vanokuvenga.

105 Ndinongori sekutaura kwandaita mangwanani ano, ndakaumbwa, maumbirwo angu ose inyasha. Vanhu vazhinji vanoti, “Zvino, iwe kwenya musana wangu ndigozokwenyawo wako. Hongu, ndiitirewo chimwe chinhu ndigozokuitirawo chimwe chinhu.” Hadzisi nyasha. Nyasha ndedzekuti, kana musana wako uri kuvava, ndinongoukwenya zvakangodaro, zvisinei nekuti wandikwenya kana kuti hauna; ukandirova mbama kumeso, wobva woti “musana wangu wava kuda kuvava, kana kuti, uri kuda kukwenywa,” ndinoukwenya. Maona? Ndizvozvo, ita chimwe chinhu. Handitendi mumabasa. Ndinotenda kuti mabasa ndirwo rudo. Mabasa ndiko—mabasa ndiko kuratidzwa kwekuti paita nyasha. Handirarambe ndakatendeka kumudzimai wangu nokuti ndinotenda kuti anozondiramba kana ndikasadaro, ndinorarama ndakatendeka kwaari nekuti ndinomuda.

106 Handiparidze Vhangeri nokuti ndinofunga kuti ndinozoenda kugehena kana ndikasaparidza, ndinoparidza Vhangeri nekuti ndinoMuda. Zvirokwazvo. Munofunga ndaizoyambuka makungwa aya ane madutu, nendege dziya dzinenge dzisina kugadzikana dzichipepereka, nemheni ichipenya ipapo, ne—nezvimwe zvose, zvokutoti paminiti ipi zvayo...munhu wese achiridza mhere, uye vana “Kaziwa

Maria” vachiitwa mundege mose, nezvimwe zvose? Vanhu vachizeya vakazvisunga nemabhande ekuzvichengetedza, uye mutyairi wendege achiti, “Tangosara nemafuta ekuti tienderere mberi kwemaminitsi gumi nemashanu bedzi, hatizi kuziva patave zvino.” Munofunga kuti ndaizoita izvozvo kungo—kungoitira kunakidzwa nekuzviita? Huh! Munofunga kuti ndaizodzokera kunze uko kumasango uko kwekuti mauto echiGerimani aitoisa maoko avo akandikomberedza *seizvi* husiku hwoga-hwoga vachindiunza mukati nekundibuditsa kunze mumusangano, kusvikira Mweya Mutsvene watanga kuita minana? VechiCommunisti vaive vakagara nemichina yekuonesa husiku, kuti vagondipfura nepfuti vari maera kubva pandaiva. Munofunga ndaizoita izvozvo kuti ndingonakidzwa nazvo? Nekuti pane chimwe chinhu chiri mandiri chine rudo; ivo vanhu vakafirwa naKristu. Pauro akati, “Handisi kungoda bedzi kuenda kumusoro kuJerusarema, asi ndiri kuenda kumusoro ikoko kuti ndindorovererwa. Ndiri kuenda kundofa. Ndiri kuenda kumusoro ikoko kunofa nekuda kwechikonzero chaShe.” Chimwe chinhu, rudo rwunokumanikidza, rwunoita kuti udaro. Izvi ndizvozvo chaizvo.

¹⁰⁷ Dai ndakaparidzira Vhangeri kuti ndiwane mari, dai zvakange zvakadaro, handaizova nechikwereti chezviuru makumi maviri zvamadhora husiku huno, handaizenge ndiri muchikwereti ichochi. Kwete, changamire. Nekuti ndingadai ndakachengeta mamwe ema—mamwe emamiriyoni emadhora andakange ndapiwa. Mumwe murume, mumwe murume akatumira vebato reF.B.I. negwaro remadhora miriyoni imwe chete ine zviuru mazana mashanu. Zvino ini ndokuti, “Idzoserei.” Hazvisi zvemari! Haisi mari. Handiparidzire Vhangeri kuitira mari. Kwete zvaizvozvo!

¹⁰⁸ Nemhaka yechikonzero cherudo. Chinhu chandinoda kuita, ndechokuti, apo pandichayambuka muganhu wekupedzisira uya uko, unogona kuva mumaminitsi mashanu kubva zvino, unogona kuva mumaawa maviri kubva zvino, unogona kuva mumakore makumi mashanu kubva zvino, handizivi kuti zvichava rinhi. Asi pazvichazova, ndasvika ikoko, ndinoda kuzokuonai muri pakanakisisa pohudiki hwenyu, muchimhanya, muchidanidzira, “Hama yangu inodikanwa! Hama yangu!” Ndizvo zviri mumoyo mangu. Ndicho chikonzero chacho. Handisi kungoyedza kupesana newe kuti ndingova—ndingova nekusiyana, asi ndiri kuedza kukuisa munzira yakanaka. Ndiyo nzira yekupinda nayo. Haisi chechi yako, kwete sangano rako, asi kuberekwa kwako muna Kristu. Oo, ini zvangu. Fiyuu!

*Muna Iye...takawana...nhaka, yatakatemerwa
kare maererano nechinangwa chaiye anoita zvose
nokufunga kwokuda kwake:*

¹⁰⁹ Teererai. Tichavhara mumaminitsi mashoma. Nyatsoteererai zvino tisati tavhara.

Kuti tirumbidze kubwinya kwake, isu takavimba kutanga...Kristu.

Muna iye nemiwo wamakavimba,...

¹¹⁰ Tarisai izvi zvino, nepedyo. Pfekai mabhachi enyu, mabhachi eVhangeri. Murambe makavhura nzeve dzenyu, muchinyatsoteerera. Ndiri pandima 13.

Muna iye nemiwo wamakavimba, shure kwekunge manzwa...

“Kutenda kunouya ne...” [Ungano inoti, “Nokunzwa.”—Mupepeti] “kunzwa...” [“Shoko.”] “Shoko ra...” [“Mwari.”]

...shure kwokunge manzwa *shoko rezvokwadi,...*

¹¹¹ Chii chinonzi Chokwadi? Shoko raMwari. Ndizvo here? Johane 17:17, kunemi vari kunyora Magwaro pasi, Jesu akati, “Vachenesei, Baba, kubudikidza neChokwadi. Shoko reNyu iZvokwadi.”

...shure kwekunge manzwa *chokwadi, iyo evhangeri yokuponeswa kwenyu:...*

¹¹² Rwaiva ruponeso rwakaita sei rwaaiyedza kuvaudza? Rwakafanotemerwa nyika isati yavambwa (Ndizvo here?), kusvika pakugadzwa kwevanakomana, vakafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi. Zvino, shure kwokunge mauya kuHupenyu Husingaperi, shure kwokunge maponeswa, macheneswa, mazadzwa neMweya Mutsvene, munova vanakomana. Zvino Mwari ave kuda kukugadzai panzvimbo dzenyu, oo, kuitira kuti mugokwanisa kushandira Humambo hwaKe uye nekubwinya kwaKe.

¹¹³ Iri ndiro Vhangeri. Zvinova, chokutanga, unonzwa Shoko, “Tendeuka, wobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuitira kanganyiro yezvivi.” Kubvisa zvivi zvako zveve, uchidana paZita raShe Jesu Kristu, kuitira Nyika yevimbiso. Vimbiso ndeye kune mufambi woga-woga ari munzira yako. Kana wasiya imba yako husiku huno, uri mutadzi, uchiti, “Ndichafamba ndichienda kuBranham Tabhenakeri,” Mwari anokupa mukana wacho husiku huno. Pane chinhu chimwe chete chiri pakati pako neNyika yevimbiso. Chii nyika yevimbiso? Mweya Mutsvene. Chakange chiri pakati paJoshua nyenika yevimbiso yaiva Jorodhani. Ndizvozvo chaizvo.

¹¹⁴ Mosesi, anova mufananidzo waKristu, akatungamira vana kusvika panyika yevimbiso, asi Mosesi haana kuvapinza munyika yevimbiso. Joshua akapinza vanhu ndokuvagovera nyika. Jesu akabhadara mubhadharo, akavatungamira kuMweya Mutsvene. Mwari akatumira Mweya Mutsvene pasi uye iYe akazoisa chechi muhurongwa, munhu mumwe nemumwe, achimuzadza neHupo hwaiYe Omene. Muri kuona zvandiri kureva here? Zvose muna Kristu Jesu, kuti Mwari akafanotemera izvi sei pakudana kweVhangeri iri!

115 Pauro, VaGaratia 1:8, akati, “Kunyangwe Mutumwa akauya achiparidza zvimwewo hazvo, ngaave akatukwa.” Chokwadi, Vhangeri. Nyatsoteererai zvino tichiverenga pamberi, tichipedza ndima.

...iyo evhangeri yekuponeswa kwenyu: muna iye zvakare... (nyatsoteererai)... shure kwazvo wamakatenda kwaari, mukaisirwa chisimbiso cheMweya Mutsvene wamakapikirwa,

116 Mumazuva ekupedzisira, Bhaibheri rakati, tarirai zvino, mumazuva ekupedzisira pachange paine mapoka maviri evanhu. Rimwe racho richange riine Chisimbiso chaMwari, rimwe racho richava nemunembo wechikara. Ndzivozvo here? Vangani vanozviziva izvozvo? Zvakana, kana Chisimbiso chaMwari chiri Chisimbiso che... Kana Chisimbiso chaMwari chiri Mweya Mutsvene, nekudaro kusava neMweya Mutsvene ndiwo munembo wechikara. Uye Bhaibheri rakati mweya miviri iyi ichange iri pedyo nepedyo kwazvo kusvikira waizonyengedza Vasanangurwa chaivo ivo dai zvaikwanisika. Haufe wakadaro, nokuti vakasanangururwa kuHupenyu Husingaperi. Maona?

117 Vachienda kuchechi, sekungoziva kuti pane mhandara gumi dzakaenda kunochingamidza Ishe, vose vakange vakacheneswa, vose vaine hutsvene, mumwe nemumwe wavo ainge akacheneswa. Vashanu vakarega kuita hany'a ndokurega mwenje yavo ichidzima. Vashanu vakange vaine mafuta mumarambi avo. “Zvino, tarira Chikomba chouya!” Zvino vashanu vava vakange vaine mafuta mumarambi avo vakaenda vakapinda muMabiko eMuchato. Uye vamwe vava vakasiwa kunze uko kwaiva nekuchema nekuungudza nekugedgeda kwemeni. Gadzirirai, nekuti hamuzive nguva inouya Ishe. Ivai... Mafuta animirira chii muBhaibheri? Mweya Mutsvene.

118 Zvino kunemi nhasi, imi hama maSabata makati zuva rechinomwe ndiro Chisimbiso chaMwari, buritsai Gwaro rimwe chete rinozviratidza. Bhaibheri rakati Chisimbiso chaMwari Mweya Mutsvene. Tarirai izvi. “Chinova...” Tarirai pandima 13 zvino.

...shure wamakatenda kwaari, mukaisirwa chisimbiso che—cheMweya mutsvene wamakapikirwa.

119 Vhurai kuna VaEfeso 4:30, ndinotenda ndiyo. Tarisai tikasawana 4:30, tione kana zvisiri zvimwe chete. VaEfeso, chitsauko 4 uye pandima 30. Hongu, ndipo pazviri, 4:30.

Regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rekudzikinurwa.

120 Kwenguva yakareba zvakadini? Kana wanyatsa, wanyatsogamuchira Mweya Mutsvene, Unogara newe kwenguva yakareba zvakadini? Kusvikira parumutsiro rwunotevera, kusvikira paunogumburiswa naambuya vako, kusvikira

paunotukwa nemukuru wako wekubasa here? Kusvikira pazuva rekudzikinurwa kwako! Hareruya!

¹²¹ Mushure mokunge wafa, mushure mokunge wayambukira muNyika iyoyo, umo maunomira imomo pamwe nevadikanwi vako, unenge uchakangoramba wakazadzwa neMweya Mutsvene. Gwaro! Unongoramba uri sezvauri ikozvino, kungoti wave ne...wapinda mune mumwe mutumbi. Wangochinja imba bedzi. Ino iyi yakakwegura, hauchakwanisa kuramba uchirovera zvipikiri pamarata edenga, mapango edenga asvika pakuora. Ndizvozvo. Nekudaro wakangosiya chinhu ichi chekare ukachiregedza chichiora, ndokufamba uchipinda mune itsva. Ndizvozvo here? “Nokuti kana mutumbi uno wevhu waparadzwa, tine mumwe wakatimirira.”

¹²² Munorangarira here rimwe zuva, patakapfuura nemazviri? Kana kamwana kadiki kari kuumbwa mudumbu raamai, uye nyama diki idzi dzichipfanha-pfanha nekusvetuka-svetuka dzichingodaro. Asi panguva iyoyo amai pavanongobara mwana uye mwana wacho panyika, chinhu chekutanga, panenge paine mutumbi wepamweya kuti ubate kamutumbi aka kepanyama. Zvichida chiremba anokapa... [Hama Branham vanorovanisa maoko avo pamwe chete—Mupepeti] *seizvi*, kana chimwe chinhu chokukazunza-zunza, koti “hwaa, hwaa, hwaa.” Zvino pakarepo kanoenda pazamu raamai vako koti, “um, um, um,” kachigutsurira musoro wako mudiki pazamu raamai vako, kuitira kuti tsinga idzo dzemukaka dziunze mukaka.

¹²³ Kamhuru kadiki, panguva yakanongodonedzerwa pasi kubva muna amai vako, kanosimuka nemabvi ako shure kwemaminetsi mashoma. Kanozoitei? Kanopoterera kumashure, kosvikobata pana amai ava, kanotanga kugutsurira musoro wako kudai, kowana mukaka wako. Hareruya! Hongu, changamire.

¹²⁴ Kana mutumbi uyu wepanyama wauya maari, panova nemutumbi wemweya unoumirira.

¹²⁵ Zvino kana mutumbi uno wepanyama wakandwa pasi, hareruya, pane mumwe wakamirira mhiri uko! Tinongofamba tichibva mune uno kundopinda mune mumwe, tinoshandura nzvimbo yedu yehugaro. Uno unofa unofanira kupfeka kusafo, uno womweya; uno unoora unopfeka kusafo. Mutumbi uno wakwegura wakaunyana, wakakokonyara, wakombama, asi hauzoshanduki pamaonerwo awo zvachose, ndinoreva kana wasvika mhiri uko, unenge uchingova nemweya mumwe chete.

¹²⁶ Regai ndikupei kamwe kanhu kanonzwika sekanokumonyorotsai, asi iBhaibheri, ndozokupai chimwe chinozozvipfudzunura kwamuri. Tarirai ichi. Apo Sauro wekare, ma—mambo, mu—muparidzi wakare, mukuru wesangano zasi uko panguva iyoyo, munoziva, akange aine musoro nemapipito zvakareba kupfuurira vose, uye akange achitya,

vakange vasina chavaiziva pamusoro pezvinhu zveMweya. Dhavhidhi akatozouya ndokudzikinura gwayana kubva mumuromo weshumba, akauraya Goriati. Mutarisei. Akange abva panaMwari zvakanyanya, akasvika pakuvenga muparidzi uyu muumburuki mutsvene. Pachinhambwe chokuti amutsigire, achiyedza kumubatsira, akamupandukira. Kana iwo uyu usiri iwo mufananidzo wacho chaiwo, chaiwo mufananidzo wacho. Ndokubva anyatsomusiya!

¹²⁷ Vangani vakange varipano pandakaenda parwendo rwangu rwekutanga, ndikaparidza, “Dhavhidhi achiuraya Goriati,” pandakaenda? Vazhinji, vamwe, vashoma vevanhu vekare. Ndiri kugadzirira kuenda zvakare pane izvi. Munorangerira here, munoono here zviya zvakangouya Svondo yapfuura? Zviri kuenda kunopinda mune chimwe chinhanho. Kubata kwechipiri kwaDhavhidhi, chinhanho chepiri cheshumiro yake. Ndizvozvo chaizvo. Zvinova, zvokuti akazova mambo weIsraeri. Cherechedzai shumiro zvino yave kuenda mune chimwe chinhanho chakakwirira, ichiwedzera pakuratidzwa. Ndizvo zvakaitawo Dhavhidhi. Ndazvicherechedza izvi paauya, Dhavhidhi, oo, apo Mwari akaita kuti Dhavhidhi abude kunze uko akanouraya shumba, cherechedzai, uye akanouraya chitsere, ndokuzouraya muFiristia. Zvino, pakauya nguva apo Mwari akapira mweya wakaipa kune mukomana uyu wekare. Uye waiva . . . Wokuitei? Wokuvenga Dhavhidhi. Uye ndinotenda . . .

¹²⁸ Zvino, matepi aya. Teereraizvino, hama, imi muri pamatepi aya, kana musingawirirane neni, ndiregerereiwu. Munoono, ndinokudai. Ndichasangana nemi mhiri uko zvakangodaro, munoono, nokuti kana uri munhu waMwari ndichasangana newe zvakadaro. Asi, ndinoda kutaura izvi, hechino chikonzero. Nekuti Sauro akaona kuti Dhavhidhi akange aine chimwe chinhu chaakange asina. Zvino chii chakazoitika?

¹²⁹ Kamukomana kadiki kekare kainge “kakatsvukuruka,” kakati kokonyarei, Bhaibheri rakati akange “akatsvukuruka.” Akange asiri mwana anyatsoratidzika zvakanaka, “akatsvukuruka” aingova munhu aiva akati kokonyarei. Zvino akaenda kunze ikoko, uye Sauro, handiti, akapfeka nhumbi dzaSauro dzokurwa nadzo, uye ndinofungidzira kuti nhowo yaisvika patsoka dzake chaipo. Uye akati, “Bvisai zvinhu izvi pandiri. Ndi—ndine . . .” Zvichida akamupa dhigirii rachiremba, Ph.D. kana L.L.D., kana zvimwewo, munoziva. Zvino ndokubva ati, “Handina chinhu chandinoziva pamusoro pezvinhu izvi, nokuti handisati ndambozviyedza. Regai ndive neichi, icho chandinoziva kuti ndiri kuitei nacho.” Hongu, changamire. Akatora chimvii.

¹³⁰ Uye vakaita kuti Dhavhidhi avire nehasha nokuti vakunda, machechi, machechi akange oimba, “Sauro, angadaro akauraya zviuru zvake, asi Dhavhidhi akauraya makumi ezviuru zvake.”

¹³¹ Zvino akava negodo, “Ndezviya zvekare-kare zveZita raJesu, hapana zviripo paZviri.” Ndizvozvo. Zvino Mwari akaitai kwaari? Mwari akatumira mweya wakaipa pamusoro pake, wokuti avenge Dhavhidhi, uye akavenga Dhavhidhi pasina chikonzero.

¹³² Dhavhidhi aigona kunge akamonyorora mutsipa wake panguva dzinoverengeka. Aikwanisa, asi akangosiya zvakadaro. Haana kutombobvira ataura chinhu. Chokwadi aigona kunge akazviita. Akamboenda paaiva akachekeka besu rejasi rake, humwe husiku, akadzoka, achiti, “Tarisai kuno, honaiwo!” Hongu, changamire, aigona kunge akazviita, asi akangomusiya akadaro. Aigona kunge akaputsa boka rake obva avaparadzira, obva atanga sangano rake pachake dai aida zvake kudaro. Asi haana kuzviita, akangosiya Sauro achienderera mberi. Rega Mwari ave wacho anorwa. Hongu, changamire.

¹³³ Zvino paakazoenderera mberi kunze uye hondo ichipera, ikaenderera mberi, mweya wakaipa uya wakasvitsa Sauro pokuti atadze kuwana mhinduro kubva kuna Mwari. Mushure mekanguva aka... Mweya waShe wakange wabva paari. Uye Samuuri wekare, uyo wavakange varamba, uyo aiva wacho Izwi raMwari zvemazvirokwazvo kwavari, uyo akange ataura navo mumashure vasati vave kuda kuzvibata senyika.

¹³⁴ Sei chechi ichida kuzvibata senyika? Sei maPentekosti, vakabhabhatidzwa, maMethodisti vane chitiko cheMweya Mutsvene, nemaBaptisti, nemaPresbyteriani vachida kuzvibata senyika? Sei vachizviita? Handizive. Ini—ini handitombokwanise kuzvinzwisisa. Munoti, “Zvakanaka, zvinonakidza zvakanyanya kutamba mutambo wemakasa, zvokungonakidzwa hazvo zvishoma, muchikanda kamari kokutangisa nako kubhejerana,” chingave chii chamunozvidaidza. Chivi ichocho. Hamufanire kuva nezvinhu izvozvo mumba menyu. “Haiwawo, hazvikuvadze kuti tingotorawo kagirazi kadiki, zvishoma kehwahwa. Tinongonwa hushoma. Ini nemudzimai wangu tinongonwa hushoma masikati.” Zvino chinhu chekutanga munoziva, vana venyu vanozone wawo hushoma. Chokwadi ndizvozvo.

¹³⁵ Uye imi madzimai, hum, dhiyabhore achangobva kugadzira...Ndizvo zvaakaita pamavambo, uye chokwadi akanangana nemi hanzvadzi. Anongoita izvozvo kuti ango... nekuti anoziya zvaanogona kuita. Anogona kunyengera mudzimai nekukurumidza zvapaketwa chiuru kupfuura murume. Ndinoziya kuti zvinorwadzisa manzwiro enyu, asi ndicho Chokwadi. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo zvaakaita mubindu reEdheni. Anokwanisa kuita...Zvino, akange akatendeka, akange akaperera, asi akanyengerwa. “Adhama haana kunyengerwa,” Bhaibheri rakadaro. Haana kunyengerwa, asi mudzimai akanyengerwa. Nekudaro anokwanisa kumunyengera. Asi zvakadaro vafudzi vanoenderera mberi vachigadza vaparidzi vechidzimai, voita kuti vatungamire

ungano saizvozvo, asi Bhaibheri rino rinozvitsiura kubva muna Genesi kusvika muna Zvakazarurwa. Unoti, “Zvino, zvakanaka. Zvakanaka. Vane...Vanogona kuparidza zvakangofanana naizvozvo.” Ndinozviziva kuti ndizvozvo.

¹³⁶ Semumwe munhu akatanga kutaura nendimi pane imwe nguva, ndakangoenderera mberi ndichiparidza. Zvino pandakabuda panze, mumwe mudzimai akati kumwanakomana wangu, akati, “Ndine shoko rokupa mangwana manheru,” akati, “kana Baba vako vauya papuratifomu.”

Akati, “Saka, Mai, muri kurevei?”

¹³⁷ Husiku ihwohwo pagadzirirwa, pandakange ndoda kudanira vanhu kuti vauye paartari, akagadziridza vhudzi rake ndokukwiridzira masitokononzi ake nezvimwe zvose, ndokugadzirira, akasvetukira pachena nechapakati ndokutanga kusvetuka-svetuka, achitaura nendimi nekuporofita. Ndakangoenderera mberi ndichiparidza, ndokudanira vanhu kuti vauye paartari. Handina kumbobvira ndazviremekedza kana nepadiki pose, zvakange zvisina kunaka. Nekudaro zvino, saka, Bhaibheri rakati tisadaro, rakati, “Iwo—iwo Mweya wavaporofita uri pasi pemuporofita.” Mwari ari...Mwari achitaura papuratifomu, regai Ataure. Pauro akati, “Kana paine chinhu chazarurirwa kune mumwe munhu, ngaanyarare kusvikira mumwe wacho apedza.” Ndizvozvo.

¹³⁸ Zvino, pandakazobuda kunze, vanhu ava vakati, raiva boka guru ravanhu, vakati, “Machemedza Mweya Mutsvene husiku huno.”

Ndikati, “Nekuita sei? Ndaiteyi?”

¹³⁹ Vakati, “Saka, paya hanzvadzi iya payapa shoko riya, hareruya, paataura zviya.”

“Handiti,” ndikati, “ndanga ndichiparidza. Iye anga ari kunze kwehurongwa.”

¹⁴⁰ “Oo,” vakati, “zviya zvange zviri zvitsva zvichangoburwa kubva paChigaro. Zvange zviri zvitsva kupfuura izvo zvawanga uchiparidza.” Uh!

¹⁴¹ Zvino, izvi zvinongoratidza kuti...zvinoratidza chimwe cheizvi, uye ndinozvitaure nekukuremekedzai, kunogona kunge kuri kusangana kwepfungwa, kana kusaremekedza, kana dzidziso isina zivo isingatombozivi pamusoro paMwari setsuro isingazive nezveshangu dzemuchando. Zvino, izvozvo, handizvitaure izvozvo kuti ndiite chitaurwa che—cheupenzi, nokuti ino haisi nzvimbo yekungotaura zvinosekesa. Asi ndicho—ndicho chokwadi chaicho. Munhu anogona kuziva kuti Mwari haasi muvambi wenyonganiso. Ndewerugare. Bhaibheri havazive. Zvega zvavaiziva zvokuita kwaiva kusvetuka-svetuka, vachitaura nendimi, voti, “Ndine Mweya Mutsvene. Hareruya!”

¹⁴² Ndakamira ndikaona, kuAfrika, n'anga nevakadaro vachitaura, vakawanda zviuru zvishanu panguva imwe; vachisvetuka-svetuka, ropa rakazara kumeso kwavo, vachitaura nendimi, uye vachinwa ropa kubva mudehenya remunhu; vachidana dhiyabhore, vachitaura nendimi.

¹⁴³ Asi zvakadaro kutaura nendimi chipo chaMwari, asi handicho chiratidzo chisingakundikane cheMweya Mutsvene. Regai ndikuudzei izvozvo iko zvino. Ndinotenda kuti vatsvene vose vakafemerwa vanotaura nendimi. Ndinotenda munhu ane nguva yekuti kana anyatsofemerwa naMwari zvekuti anosvika pakutaura nendimi. Ndinozvitenda izvozvo. Asi handitendi kuti chimbori chiratidzo chokuti une Mweya Mutsvene. Hongu, changamire. Ndinotenda pane nguva dzokuti unova nekutenda, munhu, unonyatsofamba woenda ipapo wondoisa maoko ako pakamwana kadiki kane kenza, apo kanenge kakambonamatirwa nevaparidzi makumi mashanu, kobva kapodzwa nekuti mai ava vane kutenda pamwana uyu. Mwari vanenge vamupa, iye inhengo yoMutumbi waKristu. Hongu, changamire. Ndinozvitenda izvozvo. Ndakazviona zvichiitwa uye ndinoziva kuti ichokwadi. Asi zvazviri, ndezvekuisa chechi muhurongwa, yomiswa muhurongwa kuti tigokwanisa kushanda.

¹⁴⁴ Zvino ngatipedzei chikamu chasara chendima iyi pano tisati taenda.

...shure kwacho makagamuchira, mukaiswa
chisimbiso choMweya mutsvene wamakapikirwa.

¹⁴⁵ “Chisimbiso!” Chisimbiso chii? Chisimbiso chii? Chisimbiso ndicho, chinhu chekutanga chinoratidza kuti ibasa rakapedzwa, basa rakapedzwa. Chinhu chinotevera chachinoratidza muridzi. Uye chinhu chinotevera chachinoratidza kuchengetedzeka, kuchichengeta.

¹⁴⁶ Toti, semuenzaniso, ndaisimboshandira Pennsylvania Railroad, ndaisimboshanda nababa vangu pakambani yezvitima. Taitakura tichiisa zvinhu mumatiroko. Uye taiisa zasi kuno pakambani iyi yairongedza zvinhu zvaizotakurwa, taitakura magaba esimbi, taironga mamwe pamusoro *apa* uye mamwe kuzasi *kuno*, uye mamwe nechepamusoro *zvakadai*. Asi tiroko iroro risati ratomboiswa chisimbiso, foromani aiuya neipapo, obva arisunda, osunda zvine simba *ichi*, ozungunutsa *icho*. “Aa! Musaribvumidze! Anozopwanyika-pwanyika ese asati asvikako. Musaribvumidze! Aburitse kunze. Tangisai patsva.” Foromani aisabvumidza tiroko irori.

¹⁴⁷ Mweya Mutsvene ndiwo Foromani. Anokuzunguza zvisihoma, iwe woti gwendere-gwendere. Unotenda Shoko rose raMwari here? “Handitendi muzvinhu zviya zvemuZita raJesu zvekare.” Anokupomera. Wati gwendere-gwendere, munooni. “Handitendi mukupodza kwaMwari kana zvakadaro.” Uchiri

kugwendereka. Aburitseji kunze. Unotenda here kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro... “Zvino, neimwewo nzira.” Wati gwendere-gwendere. Kandirai kunze, munoona, harisati raita zvakanaka ipapo. Hongu, changamire.

¹⁴⁸ Hama, kana yagadzirira kuti iti, “Ameni!” Wakagamuchira Mweya Mutsvene here? “Ameni!” Zvinhu zvose zvakanyatsopedzwa here? “Ameni.” Zvino Foromani anoitei? Zvinhu zvose zvakanyatsorongwa zvakanaka zvisingazunguzike, zvakazara neVhangeri. Oo, Shoko roga-roga raMwari rakanaka. Zvinhu zvose zvakakwana. “Ndinotenda Shoko roga-roga. Ameni! Ameni! Ameni!” Unotenda here kuti Mwari achiri kupodza? “Ameni.” Unotenda here kuti Jesu mumwe chete zuro nokusingaperi? “Ameni.” Unotenda here kuti Mweya Mutsvene uchiri wemazvirokwazvo sezvaWakagara uri? “Ameni.” Unotenda here kuti Mweya mumwe chete wakawira pana Pauro unowira patiri? “Ameni.” Unotenda here kuti Unoita zvinhu zvimwe chete kwatiri zvawakaita kwavari? “Ameni.” Oo, oo, zvave kunyatsogarana zvino. Munoona, zvave kunyatsogarana zvino, tagadzirira kuvhara gonhi. Zvakanaka.

¹⁴⁹ Zvino foromani anovhara gonhi. Anoitei? Anoisia chisimbiso pariri. Zvino anozoenda ipapo ondatora kanhu kakaita sepinjisi, osveerera pakanhu aka obva aisa chisimbiso. Wotoregera kutombochidimbura. Kana aya, tiroko iroro, richifanira kugumira kuBoston, hachigone kutyorwa. Inozova mhosva inokuendesa kujeri ukatyora chisimbiso ichi risati rasvika kuBoston. Zvino munhu ane mvumo ndiye anokwanisa kuvhura chisimbiso ichi, uye iye woga. Ndizvozvo. Muridzi wacho ikambani yezvitima ine zita rinonzi *zvokuti-zvokuti*. Chisimbiso chavo. Ndicho chinovapa kugutsikana kuti tiroko iri ranyatsorongwa, tiroko iri ragadzirira. Ndechavo. Havaikwanisa kuisa che “B&O” pane re “Pennsylvania.” Unofanira kusimbiswa, uye kana richinge rasimbiswa.

¹⁵⁰ Zvino kana Mukristu azara neVhangeri, akazadzwa nekunaka kwaMwari, zvinhu zvose zvakanaka zvaMwari zvave maari, ave nemoyo wakazaruka, akagadzirira kushanda, aine chido chekuti agoiswa panzvimbo yake, oita chipi nechipi chaanonzi neMweya Mutsvene aite, abva murufu achipinda muHupenyu, acheneswa kubva kuzvinhu zvese zvenyika, achifamba muChiyedza apo Chiyedza chinouya kwaari, achifambira mberi, akagadzirira. Zvino Mwari anovhara gonhi renyika kumashure kwake, orikava pamwe chete saizvozvo, womusimbisa neMweya Mutsvene wevimbiso. Hareruya! Kwenguva yakareba zvakadini? Kusvikira kumagumo erwendo. Usariunze kuno panjanji wochityora kuti uone kana zvinhu zvose zvichakanaka zvakare. Zvakanaka, risiye rakadaro. Foromani ariongorora kare. Unosimbiswa kwenguva yakadini? Kusvikira pazuva rerudzikinuro rwako. Ndiwo marebero enguva yaunosimbiswa.

¹⁵¹ “Saka, kana wafa, ipapo, Hama Branham, ko mushure mokunge wafa, mati unenge uchiinaWo here?” Unova naWo nokusingaperi. Hupenyu hunotangira papi? Paartari. Ipapo chaipo unoona kamumvuri kadiki. Ndiwo mumvuri, Chisimbiso cheMweya Mutsvene. Kubva ipapo wova mumvuri wemimvuri yemimvuri, sekutaura kwandakaita rimwe zuva. Asi paunofa, unoramba uchipfuura nemumimvuri iyoyo dzamara wasvika pane hunyoro, kubva pane hunyoro woenda pakachitubu kanochururuka, kubva pakachitubu woenda pakahova, kubva pakahova woenda parwizi, kubva parwizi woenda panyanza, munoono, yerudo rwaMwari. Uchingori munhu mumwe cheteyo.

¹⁵² Tarisai pano. Sauro wekare, uya wekudzokera shure, akange asisakwanise kusvika kuna Mwari, asi akange asina kurasika. Zvirokwazvo akange asina. Akange ari muporofita, asi akangobuda kunze kwaMwari. Ndicho chikonzero, hama, ndakati, “Hamuna kurasika.” Saka zvino rangarirai, akange angobva pakuda kwaMwari, nekudaro chinhu chekutanga munoziva, akange—akange asingachawirirane. Zvino, zvichida ndanga ndisingafanire kuzvitauro. Zvakana, ndiri kungoenderera hangu mberi nekuda kweungano iri kufara husiku huno. Nekudaro zvino, munoziva, uye chinhu chekutanga munoziva, oo, ini zvangu, ipapo...Akaenda kune u—Urimi neTumimi.

¹⁵³ Munoziva kuti Urimi neTumimi yaiva chii, yaiva chidzitiro chepachipfuva, efodhi iyo—iyo yaipfekwa naAroni. Uye nguva dzose yaiva, Mwari agara nguva dzose ari Mwari wezvinhu zvemweya achipindura nenzira dzemweya. Uye apo muporofita aiporofita, uye zviyedza zvisinganzwisisike zviya zvikasapenya nepaUrimi neTumimi, ainge akatsveyama. Kana muroti akataura hope zvino parega kupenya paUrimi neTumimi iya, handina basa nokuti dzainzwicka sedzakanaka sei, dzaiva dzisiri idzo. Ndizvozvo chaizvo.

¹⁵⁴ Uye handina basa kuti une madhigirii ehuchiremba akanyatsowanda zvakadini uye kuti sangano rako rakakura zvakadini, paunoporofita kana kuparidza, zvisiri maererano neShoko rino, uri mukukanganisa, hama. Uri...Iri ndiro Urimi neTumimi yaMwari. Paunoti hauna kufanotemerwa nyika isati yavambwa, haipenyi, nokuti Bhaibheri rinoti wakafanotemerwa. Paunoti unofanira kubhabhatidzwa muZita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” haipenye, nokuti hakuna munhu muBhaibheri akambobvira abhabhatidzwa nenzira iyoyo. Kusara bedzi muZita raIshe Jesu. Haipenyi, nekudaro pane chinhu chakakanganisika pane imwe nzvimbo.

¹⁵⁵ Saka Urimi neTumimi haina kupindura Sauro wekare, uye akatotadza kana kuva nechiroto. Akange adzokera shure kwazvo zvokusvika pakutotadza kurota. Saka munoziva zvaakaita? Akaenda zasi kumuroyi, zvino muroyi uyu wekare, chiremba

uya wakare dhiyabhore zasi ikoko, n'anga. Zvino akati, "Unokwanisa kushopera here?"

¹⁵⁶ Iye akati, "Hongu, asi Sauro akati anozouraya munhu wese anenge achishopera."

¹⁵⁷ Iye akati, "Ndichakuchengetedza," akange akapfeka semunhuwo zvake wetsoka. Akati, "Ndishoperere undiunzire kubva kunyika yevakafa vakayambukira mhiri vachibva pano." Zvino teererai kune izvi. "Ndiunzire pano mweya waSamueri muporofita."

¹⁵⁸ Zvino akapinda muku—mukushopera. Uye, paakadaro, akawa nechiso chake, akati, "Ndinoona vanamwari vachisimuka." Munooona, mudzimai akange ari muhedheni, "vanamwari," vaviri kana vatatu vavo, saBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, kana zvimwe zvakadaro, munoziva. Akati, akati, "Ndinoona vanamwari vachisimuka."

¹⁵⁹ Akati, "Mutsanangure zvaakaita. Anoratidzika sei? Anoratidzika saani?"

¹⁶⁰ Akati, "Mutete uye ane hanzu pamapendekete ake." Akange asina kutomboshanduka, nepadiki pose.

¹⁶¹ Akati, "NdiSamueri. Muunze mukamuri muno, muunze pano pamberi pangu."

¹⁶² Zvino tarira apo Samueri paakauya pamberi paSauro, akati, "Sei wandidaida, uchiziva kuti wave muvengi kuna Mwari?" Zvino tarirai. Kwete bedzi kuti akange achingori Samueri, asi akaramba aine mweya wokuporofita. Taura kuti izvi handizvo, regai mumwe munhu ati izvi handizvo. Izvi iChokwadi! Akange achiri muporofita. Nokuti akati, akaporofita uye akati, "Hondo ichapesana newe mangwana, uye iwe nevanakomana vako muchafira muhondo mangwana, uye panguva dzino husiku hwemangwana uchange wave neni." Ndizvo here? Akange achiri muporofita!

Zvino unoti, "Oo, asi uyu aiva muroyi akazviita."

¹⁶³ Zvakanaka, ndichakuudza nezveUyo akange asiri muroyi. Jesu akatora Petro, Jakobho, naJohane, ndokukwira paGomo Rekushandurwa imwe nguva, uye vakange vakamira pamusoro pegomo. Zvino, Jesu, Mwari akange achigadza Mwanakomana waKe; sezvandiri kuedza izvi...ndakadaro pane humwe husiku, kugadza mwanakomana. Uye pavakadaro, vakatarisatarisa vakaona kuti ipapo painge pakamira Mosesi naEria. Vakange vachitaura, vachikurukurirana. Kwete setumureza tuchena turi kupepereka mumhepo, kana tumakore tuchena, waro, twaifamba mumhepo. Asi vakange vari vanhu, vaitaura. Mosesi akange akavigwa muguva risingazivikanwe kwemakore mazana masere. Uye Eria akange aenda Kumusha ari mungoro, makore mazana mashanu. Zvino hevanoi pano vari vaviri, nazvino vachingori vapenyu sezvavakambobvira vari pavainge

vari vapenyu, vakamira ipapo vachitaura naYe Asati aenda kuKarivhari. Hareruya! “Kusimbiswa kusvikira pazuva rerudzikinuro rweedu!”

¹⁶⁴ Ndichakurumidza, uyezve tozovhara nekuti nguva dzafamba, uye tichanamatira vanorwara, mamwe maminiti angaita mashanu. Ndima 14, toverenga, regai ndiverengezve pane 13, tiwane, nheyo.

Muna iye imi . . . makavimba, shure mokunzwa shoko rezvokwadi, iyo vhangeri yekuponeswa kwenyu. . . .

¹⁶⁵ Zvino rangarirai, rwaiva ruponeso rwakaita sei rwavaiva narwo? Ava vaiva—ava vaiva Makristu epaEfeso. Ivo, zvino tarisai, makacherechedza here VaKorinde? Nguva dzose aifanira kuvaudza, “Pandinouya pakati penyu, mumwe ane ndimi, mumwe ane ndimi, mumwe ane pisarema, mumwe ane chiporofita, mumwe ane. . .” Munoono, haaikwanisa kuvadzidzisa chinhu, nokuti vaigara nguva dzose vachida *ichi, icho* kana *chimwewo*. Vanhu ava vakange vaine chinhu chimwe chete, asi vakange vainacho chiri muhurongwa. Haana kumbobvira adzidzisa VaKorinde chinhu chakaita seichi, haaikwanisa, chechi yakange isiri muhurongwa kuti agoidzidzisa. Zvino, aikwanisa kudzidzisa vanhu ava chinhu chaicho.

. . . iyo, yekuponeswa kwenyu: muna iye shure kwekunge . . . makatenda kwaari, mukaiswa chisimbiso choMweya mutsvene wamakapikirwa,

Uri rubatso . . . (o, regai ndisapfuure izvi) . . . rubatso rwenhaka yedu kusvikira . . . kudzikinurwa kweavo vakatengwa, kuti kubwinya kwake kurumbidzwe.

Fiyuu!

¹⁶⁶ Mweya Mutsvene chii? Zvino, ndave kuverenga mamwe ese asara nekukurumidza kwazvo kana mukangotsungirira neni zvakadai. Takange tiri papi humwe husiku huya, Hama Mike? Apo vose vakange vachifara, oo, zvinhu zvose zvaiva rugare, rwaiva rudo rwakakwana. Zvino, nguva yose yaounouya nenzira *ino* unotapudza zvisihoma, wotapudza. Nguva yose yaounoita nhanho imwe chete, unoswedera pedyo nemainchi. Parwunozovika panyika, unenge wave nemumvuri wemumvuri wemumvuri wemimvuri. Zvino, ndiko kuwanda kweMweya Mutsvene uri mauri. Urwu rudo. Asi, oo, unoita nyota yechimwe chinhu.

¹⁶⁷ Oo, ko hazvingaite here kuti vanhu sevakwegura, vanhu vakwegura. . . . Ndingade zvakadini kudzokera kuva nemakore gumi nemashanu zvakare, makumi maviri! Oo, ndingazopa chero chinhu zvacho. Zvinozondibatsirei? Ndinogona kunge ndiine makore gumi namashanu ndobva ndofa zvakangodaro husiku huno. Hazvina chokwadi. Ko dai wange uine makore gumi nemashanu husiku huno, ungazive sei kuti mai vanenge

vachiri vapenyu, panguva yaunosvika kumba, kana kwete? Unoziva sei kuti uchasvika kumba? Unoziva sei kuti uchange uchirarama mangwana kana uine makore gumi nemaviri ekuberekwa, uine hutano hwakakwana? Unogona kuuraiwa mutsaona, wodonha wofa, chero chinhu chinogona kuitika kwauri. Hazvina chokwadi, munoono. Pano hapana chinhu chine chokwadi. Asi unoshuvira izvozvo. Chii ichocho? NdeIcho chiri kumusoro Uko chiri kukuita kuti uchishuwire.

¹⁶⁸ Zvino, unofamba uchipinda maZviri, ipapo wava neHupenyu Husingaperi. Zvino zvinoitika sei? Irwo “rubatso.”

¹⁶⁹ Chii mari yerubatso pane chero chinhu? Kana ndikauya kwauri kuti nditenge motokari, ndoti, “Motokari iyi inoita marii?”

¹⁷⁰ Iwe woti, “Motokari iyi, Hama Branham, inokutorerai zviiuru zvitatu zvemadhora.”

“Imarii yekuti ndifanobhadhara?”

“Zvakanaka, ndichaita kuti muve nayo nemadhora mazana mashanu.”

¹⁷¹ “Zvakanaka, heano madhora mazana mashanu. Ndicha—ndichaunza yasara yese kwamuri imwe nguva, munguva pfupi yandinokwanisa. Imi batai motokari.” Ndokupai madhora mazana mashanu, ndirwo rubatso. Ndizvozvo here?

¹⁷² Zvino, batai izvozvo, ndirwo “rubatso,” ndiyo “mari yafanobhadharwa.”

...shure makaiswa *chisimbiso*...choMweya
wamakapikirwa, iwo...Mweya *wamakapikirwa*,...
shure makaiswa *chisimbiso*...

Uri...

Chii, *chisimbiso* chakavimbiswa chii, *vimbiso* yeMweya Mutsvene?

Uri rubatso rwenhaka yedu kusvikira...
kudzikinurwa kweavo vakatengwa,...

¹⁷³ Chinombova chii? Rubatso. Uye, hama, oo, oo, oo, oo, oo, vaparidzi! Kana urwu rwuri rubatso, zvichange zviri zvakadini patichasvika tose ikoko! Zvichange zviri zvakadini? Kana zvino izvi zviri...Kana izvi zvatiiri kufarira zvino, uye tichisvika pakufara zvakanyanya kusvikira...Ndakaona varume vaiva nemakore makumi mapfumbamwe ekuberekwa vachisimuka...

¹⁷⁴ Ndakaona mumwe muparidzi mutana akasimuka humwe husiku. Akauya, akati...*Seizvi*, achiuya papuratifomu. Zvino ndakati, “Mukweguru uyo ari kuzoparidza?”

¹⁷⁵ Iye akati, “Zvakanaka, Ishe ngaaropafadzwe.” Murume mutana wechitema, akapfeka zibhachi refu hombe rekare remuparidzi.

176 Ndikati, “Sei vasina kuti vamwe vevaparidzi vechidiki vaparidze? Mutana uyu, angatombogona kuparidza sei?”

177 Iye akati, “Zvakanaka,” akati, “hama,” akati, “nhasi ndanga ndiri kunzwa hama dzichiparidza zuva rese,” akati, “pamusoro pezvakaikwa naJesu panyika. Ndichataura zvaAkaita Kudenga.” Akati, “Husiku huno ndichatora chidzidzo changu kubva kuna Jobho 7:27,” akati, “apo pakwaiva kumashure-shure chaiko nyika isati yavambwa,” ndokuti, “apo Akati nyeredzi dzemangwanani dzaiimba pamwe chete uye vanakomana vaMwari vakadeedzera nemufaro.” Akatanga saizvozvo. Akati, “Munozviza izvi, kwakaita chimwe chinhu chakaitika kumashure ikoko.” Akati, “Munoziva...” Zvino akatanga kuunza zvinhu zvaitika Kudenga. Akazviunza pamuraraungu wakachinjika muKuuya kwechipiri. Panguva saiyo, Mweya Mutsvene wakamurova. Zvino, vakatozotungamira mutana uyu kubuda panze, akange aine makore angaite makumi mapfumbamwe nemashanu ekubereka. Akange akangoita *seizvi*, akombama, angosara netuvhudzi tushoma twakatenderera, munoziva, *seizvi*. Akaendapo akatanga kuparidza, achiti, “Wuupii! Hareruya! Kubwinya!” Ndokutanga kusvetuka-svetuka saizvozvo. Akati, “Oo, imi hamuna nzvimbo yakakwana pano yekuti ndiparidze.” Zvino akabva achienda, achidzika pasi saizvozvo, nekukwanisa kwake kwese achienda. Uye urwu zvinongova rubatso. Oo!

178 Mweya Mutsvene unoitei? Oo, heino nzvimbo yakanaka, regai ndiverenge pandima 1 yechitsauko chinotevera. Ndingadaro here? Zvakanaka here? Itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni!”—Mupepeti] Zvakanaka, ndima 1 yechitsauko 2, nokukurumidza. Teerera. “Imi maiva... imi...”

Uye wakakumutsai *imi*, *makange* muri mumwe...
makange makafa mukudarika nomuzvivi:

179 “Imi makamutsa naYe.” Izwi rokuti *kumutsa* rinorevei? “Kuitwa mupenyu.” Tasvika pedyo nekupera, asi Akakumutsa nemari yerubatso. Ko zvichange zviri sei apo ucha—apo uchanyatsosvika pakubhadharwa kuzere kwemuripo? Oo! Ndicho chikonzero Pauro, paakapinda kudenga rechitatu, akati, “Ziso harisati raona; nzeve haisati yanzwa; kana kumbopindamo, kupinda mumoyo wemunhu, izwo Mwari zvaainazvo zveavo (zvachengeterwa) vanoMuda.” Izvi zvichange zviri zvakaikwa sei! Ungataura pamusoro pemufaro usingataurike uye uzere nekubwinya! Fiyuu! Uhm! Imi makambenge makafa muchivi nemukudarika Akakumutsai pamwe chete nemumvuri wemumvuri wemimvuri. Zvichange zviri sei pamuchasvika pamumvuri wemimvuri uchipinda mumumvuri, mumvuri wova karukova, karukova kova rwizi, rwizi rwova nyanza?

180 Uye zvichazova sei pauchange wave kure uko murudzikinuro, wave nemutumbi mutsva chaiwo,

wadzokera kuva mujaya chaiye zvakare, kana mhandara, hauchazombobvira wafa zvakare? Uye wotarisa pasi panyika, wofunga, “Ndaigona kuzonakirwa nemazambiringa uye nemvura yakanaka inotonhorera, asi, munoziva, kuno handichisina basa nayo. Asi rimwe zuva Jesu ari kuuya, uye mutumbi uyu wakaita sewengirozi, tiyofani iyi yandiri kurarama mairi. . .” Hauchazouyi nemumimba yemudzimai zvachose, hauchazouyi zvakare nechishuwo chekusangana kwemurume nemudzimai; asi nokuti iYe akaberekwa pasina kusangana kwemurume nemudzimai, ndichamutswa pasina izvozvo, uye Achataura nerimwe zuva zvino vakafa munaKristu vachamuka, uye mutumbi uya wandakamborarama mauri uchamuka uchiva mutumbi wakabwinyiswa, uye ndichafamba uye ndichataura, uye ndichararama uye ndichanakidzwa (hareruya), ndichararama nemumuzera oKusingaperi achazouya, kubudikidza naJesu Kristu Ishe wedu. Fiyuu! Hezvoka izvo, hama, ndiro Vhangeri!

¹⁸¹ “Nekudaro neniwo,” Pauro ari kungotaura zvaari zvino. Ndichaverenga zvese zvasara zveizvi tozonamatira vanorwara. “Kusvikira mukugamuchirwa, urwu rubatso kusvika mukugamuchirwa, mukurumbidzwa kwokubwinya kwaKe.”

Saka neniwo, ndakati ndanzwa kutenda kwenyu (Ndakanzwa kuti makatenda zvinhu izvi, ndakanzwa kuti makanyatsotenda mukufanotemera, Hupenyu Husingaperi, uye neruponeso, nezvimwe zvakadaro) munaShe Jesu, norudo kuna vose. . . vatsvene,

Handiregi kuvonga kwamuri, ndichikurangarirai paminyengetero yangu;

Kuti Mwari waShe wedu Jesu Kristu, Baba vokubwinya, akupei mweya wouchenjeri nowokuzarurirwa. . . pakumuziva: Achingoramba Achizvizarura kwamuri nguva dzose, muchikura kubva munyasha muchipinda mune dzimwe nyasha, kubva pasimba muchipinda pane rimwe simba, kubva pakubwinya muchienda pane kumwe kubwinya. Pasina kudzokera kumashure; uye, asi kubva pakubwinya muchienda pane kumwe kubwinya, moramba muchifambira mberi. Ndicharamba ndichikunyengetereri.

Ziso—meso ekunzwisisa kwenyu. . .

¹⁸² Hum! Munoziva, muBhaibheri makanzi makange muri mapofu uye musingazvize. Asi pano Pauro akati, “Ndichanyengetera kuti maziso enyu ekunzwisisa. . .” Unonzwisisa nemoyo wako. Ndizvo zvaari kutaura pamusoro pazvo. Unotarisa neziso rako, asi unoona nemoyo

wako. Munozviziva izvozvo. Zvakanaka. “Kuti Mwari wekuBwinya . . .” Ngationei, ndi—ndima 18.

*Meso ekunzwisisa kwenyu achijekerwa; kuti muzive
kuti kudana kune tariro yei, uye nepfuma . . .
yekubwinya kwenhaka yake pakati pavatsvene,*

*Nohukuru hwakapfuisira hwesimba rake kwatiri
isu . . . (fiyuu! Vanoti simba rakaenda? Simba harisati
ratombosvika) . . . isu tinotenda, nokubata kwesimba
rake guru, (Imi makatenda mukubata kwesimba raKe
guru, ndinongonyengetera kuti Mwari angodurura
simba raKe pamusoro penyu. Maona?)*

*Iro raakabata munaKristu, achimumutsa kubva—
kubva kuvakafa, nokumugarisa kurudyi rwake . . .
kunzvimbo dzokumatenga,*

*Kumusoro-soro . . . kwavabati vose, . . . nohukuru, . . .
nesimba, . . . nohushe, nemazita ose anorehwa, . . .*

¹⁸³ Oo, oo, oo! Noku- . . . Kwete, regai ndisadaro. Chokwadi tinokwanisa kutora husiku hwese hwasara pane izvozvo.

*. . . namazita ose anorehwa, pasati pari panyika ino
bedzi, asi kuti munyika inozouya:*

¹⁸⁴ Zvinorevei rose—zvinorevei zita rose? Zita rose remunhu wese rinenge riine Zita raani? [Ungano inoti, “Jesu.”—Mupepeti] Denga rose rinodanwa kuti Jesu. Chechi yose inodanwa kunzi Jesu. Zvinhu zvose zvinodanwa kuti Jesu, nokuti ndiro Zita roga iro Mwari akambobvira ave naro. Anodanwa kunzi Jehovha; Jehovha-jire, Chibairo chakapihwa naShe; Jehovha-rafa, Ishe anokupodza; Jehovha, mureza waShe, Manase; uye Jehovha, vanaJehovha vakasiyana-siyana. Anodanwa kunzi Nyeredzi yeMangwanani. Anodanwa kunzi Baba, Anodanwa kunzi Mwanakomana, Anodanwa kunzi Mweya Mutsvene. Anodanwa kunzi Arfa, Anodanwa kunzi Omega. Anodanwa kunzi Mavambo, Anodanwa kunzi Magumo. Anodanwa kunzi Davi. Oo, Anodanwa . . . Anogodanwa nemadunhurirwa emhando dzose dzakasiyana-siyana, asi Akange aine Zita rimwe chete.

¹⁸⁵ Ndizvo zvaitaurwa pamusoro pazvo naMateo, paAkati, “Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, mugovabhabhatidza nemuZita,” kwete mumazita, “muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Baba harisi zita, Mwanakomana harisi zita, Mweya Mutsvene harisi zita. Idunhurirwa reZita. Ndiro Zita rehunhu hutatu huri hwaMwari mumwe chete. Zita raKe rainzi ani? Ngirozi yakati, “Uchatumidza Zita raKe . . .” [Ungano inoti, “Jesu.”—Mupepeti] “nokuti Achaponesa vanhu vaKe kubva muchivi chavo.” Ndicho chikonzero vose vakabhabhatidza nenzira iyi muBhaibheri. Ndiyo nzira iyo Mutsvene Augustine akabhabhatidza Mambo weEngland, angangoita—angangoita makore zana nemakumi

mashanu, mazana maviri mushure mokufa kwaKristu, muZita raJesu Kristu. Zvakanaka.

Kumusoro-soro . . . kwavabati vose, . . . nohukuru, . . . nesimba, . . . nohushe, kuti—kuti namazita ose anorehwa, pasati pari panyika ino bedzi, asi pane iyo inozouyawo:

Akaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake, akamupa iye kuti ave musoro wazvose kukereke,

Ndiwo muviri wake, . . .

¹⁸⁶ Zvino, kana mutumbi wangu uchinge uine simba pamusoro pezvinhu zvose, kana zvakadaro zviri mutumbi wangu ndizvo zvandiri. Ndizvozvo here? Ndizvo zvandiri, ndiwo maziviro ezvandiri amunoita. Ndizvozvo here? Zvakanaka, zvino, zvose zvaiva Mwari, Akazvidururira munaJesu, nokuti Akange ari huzaro hwose weHumwari mumutumbi. Ndizvozvo here? Zvino zvose zvaiva Jesu, Akazvidururira muChechi, “Zvinhu izvi zvaNdinoita, muchaita zvinhu zvosewo zvakare. Kunyangwe zvikuru kudarika izvi muchazviita, nokuti ndinoenda kunaBaba.”

Ndiwo muviri wake, kuzara kwaiye anozadza zvose muna vose.

¹⁸⁷ Oo, ndinozvida kwazvo! Ndinozvida kwazvo! Ndakange ndichiverenga rimwe zuva bhuku iro raiva rakanyorwa pamusoro perwendo rwandakanoshumira—shumira kuAfrika. Ndakange ndisati ndamboriverenga kumashure. Vangani vakamboverenga bhuku racho, *Prophet Visits Africa?* Imomo ndaingé ndakatarisa pakamukomana kadiki kechiIndia. Vangani vakaona mufananidzo wacho?

¹⁸⁸ Ndakanzwa mumwe muvhangeri, uyo ainge achinamatira vanorwara kwemakore angaite gumi namashanu kana kudarika, akati, “Handisati ndamboona munana uchiitwa muhupenyu hwangu hwose.” Akati, “Ndakaona vanhu vaiti vairwadziwa nemusoro, vachipora. Ndakaona vanhu vaiti vairwadziwa nemudumbu, vakapora, nezvakadaro. Asi munana, chimwe chinhu chakasika uye chikagadzira chimwe chinhu. . . .”

¹⁸⁹ Ndakafunga kuti mukomana uyu aifanira kunge akamira ipapo obva aona izvozvo. Gumbo remukomana wechiIndia rainge rakada kukura seizvi pakufuta kwaro, rimwe racho. Rimwe racho rainge risina kuremara sezvakangoita gumbo remunhu wese. Uye, kana mukacherechedza, simbi yokumusimbisa yemugumbo rake, heyo shangu yake iri mudenga zvingaita mainchi gumi nemana kana mainchi gumi namashanu, seizvi. Akange aine chirata chesimbi pasi payo. Shangu yake yainge yakagara pamusoro pesimbi mbiri refu dzainge dzakamira. Akafamba ndokusvika pandaiva ndakamira, vakamuunza pamusoro ipapo. Akange aine madondoro maviri. Akatora shangu iyi hombe yesimbi

akaitzikisa pasi saizvozvo. Ndakatarisa gumbo rake, rakange rakafuta *seizvi*.

¹⁹⁰ Zvino, vanhu ava ndevechiMohamedhi, ndevakwaMohamedhi. Munorangarira here musi weSvondo yapfuura pandakakuverengerai zvakazonyorwa mumapepa? Ini pachangu ndinazvo pano, kubva kuAfrika, zvakatumirwa kwandiri nemumishinari wedu akadzoka, Hama Stricker. Hechino chinyorwa umo apo Billy Graham akadududza kubva pazviri. Ndizvozvo chaizvo. Vakaregera muMohamedhi achivasairira kupinda mugungwa chaimo. Dambudziko nderei? Mamishinari ave kusiya minda yekuvhangerana. Zvichabatsirei kuti varambe vachigara, ivo vakatongokundwa.

¹⁹¹ Ndinoda Billy Graham, uye ndinofunga kuti munhu waMwari akanaka kwazvo. Asi izvi Billy Graham aifanira kunge akamisidzana naye, oti, “Mira kwekanguva kadiki...” dai vamwe vechiBaptisti vanozvitutumadza ava vakamuregera kuti azviite, ndinotenda aigona kunge akazviita. Ndinotenda kuti Billy Graham munhu waMwari. Asi dai akangoti, “Mira kwekanguva kadiki! Ndiri mushumiri weVhangeri. Unotenda muTestamende Yekare, uye wati Jesu aisava chimwe chinhu kunze kwekuva munhu. Ndinoda kupikisana newe pamangange ekutaura.” Handitendi mukugamuchira kudenha kwadhiyabhore, kwete changamire, asi ndingadai ndakamisidzana naye, uye ndoti, “Ngatiitei kuti iwe neni tiuye pamwe chete. Ndiri Chiremba wezvezvidzidzo zveBhaibheri,” Billy Graham ndiChiremba wezvezvidzidzo zveBhaibheri. “Regai ndimisidzane newe pane izvi, uye regera ndikuratidze kuti Jesu aiva Kristu. Zvino, kana zvasvika pakupodza kwaMwari, handina zvipo zvacho, asi tine hama dzinazvo. Zvino, kana muchida kuunza vanhu ava kunze uko, regai ndigodaidza mumwe wavo, Oral Roberts kana mumwe munhu, mumwe munhu ane shumiro huru anonyatsosvika ipapo.” Aiuya ipapo, uye paizoonekwa zvaizatora nzvimbo, oti, “Chikristu hachisi sezvaunofunga kuti ndizvo zvachiri.”

¹⁹² Zvino munhu wose anonzwa seangosiwa pamhene nokuti akangofamba achibva amusiya. Ndizvo, zvino, handitendi mune zvokuti dhiyabhore akupikise. Ndakapfirawo kumeso kwake saizvozvo, ndikafamba ndichibva paari. Ndizvozvo. Asi kana zvikasvika panzvimbo apo... Billy aikwanisa kunge—aikwanisa kunge akaita kuti muMohamedhi uyu anzwe sekasora kadiki-diki *kudai*. Aikwanisa kunge akatora Bhaibheri iroro wobva atora Isaya 9:6, zvino oti, “Ndiyani waaitaura nezvake, ‘Nokuti tazvarirwa Mwana, tapihwa Mwanakomana’? Murume uyu Aiva ani? Ndiyani Uyu waaitaura pamusoro pake? Ndiyani aiva Muporofita uyu? Ko ndiyani Mesiya uyu aizofanira kuuya? Ndiratidze paAkazviratidza pachaKe muna Mohamedhi. ‘Akakuvadzirwa kudarika kwedu, akaiswa mavanga nekuda kwekusarurama kwedu, kurohwa kwakatiunzira rugare

rwedu kwaiva pamusoro paKe, nemavanga aKe takapodzwa.' Ndiratidze izvi muna Mohamedhi. Akachema sei achiti, 'Mwari waNgu, Mwari waNgu, ko MaNdisiireiko? Vakabvoora maoko aNgu netsoka dzaNgu,' uye nezvimwe zvakadaro? Ndiratidze neshoko renyu, mutestamende yenyu pachenyu." Zvirokwazvo, angadai akakunda muMohamedhi uyu zvakanyanya kusvikira aisazoziva paainge ari. Ndizvozvo.

¹⁹³ Asi apo bepa parakazvipindurudza, izvi ndizvo zvinorwadza, izvo zvakaita kuti moyo wangu usvetuke. Apo parakati imomo, "Kunyangwe Billy akadududza akaita kakutyira kure, zvinokwanisika sei kuti vechiMohamedhi vati zvakange zvisiri izvo," rikati, "apo Mufundisi William Branham kuDurban, South Afrika, pasina kupokana shura pamusoro perimwe shura, simba raMwari, apo vechiMohamedhi zviuru gumi vakawa nezviso zvavo panguva imwe chete uye vakapira hupenyu hwavo kuna Jesu Kristu." Zvirokwazvo. Vanoziva pamusoro pazvo. Avo vanotenda zvepamavambo vanoziya pamusoro pazvo. Usandiudze.

¹⁹⁴ Imwe nguva pane mumwe akauya kuna Jesu, akati, "Rabhi!" Munoziva akange ari muFarise. Akati, "Tinoziva Muri Mudzidzisi akabva kuna Mwari. Tinozviziva. Tinozviziva, nokuti hakuna munhu anokwanisa kuita zvinhu zvaMunoita kusara kwokunge Mwari ainaye. Tinonzwisisa. Tinozviziva. Asi hatینگokwanise kuzvipupura, munoona, nokuti kana tikadaro, zvirokwazvo, tinozodzingwa muchechi medu. Munoona, tinozorasikirwa nechiremerera chedu." Uye nekudaro Jesu akati, akatanga kumuudza kuti aifanira kuberekwa patsva.

¹⁹⁵ Pamukomana uya wechiMohamedhi, paainge akamira ipapo, hewo mufananidzo wake. Kamera haitore chinhu chenhema. Heunoi uyo akamira apo, gumbo rimwe chete rakapfupika zvakadai (zvingaita mainchi gumi nemana) pane rimwe racho, akamira pashangu yesimbi iyi. Ndikati kwaari, ndakati, "Unotaura Chirungu here?"

¹⁹⁶ "Kwete, changamire." Aiva asingakwanise kutaura Chirungu. Mududziri akati, "Haataure Chirungu."

"Wava nenguva yakareba zvakadini wakadai?" Mududziri akamubvunza.

"Kubva pakuberekwa."

"Unokwanisa kufambisa gumbo racho here zvachose?"

"Kwete, changamire."

"Unotenda here muna Jesu Kristu?"

Akati, "Ndiri muMohamedhi."

Ndikati, "Unozogamuchira Jesu Kristu here kana Akakupodza?"

¹⁹⁷ "Ndichagachira Jesu Kristu seMuponesi wangu kana Akaita kuti ndipore."

198 “Kana Akakwanisa kuripodza, iro gumbo robva raita serimwe racho, unozoMugamuchira here?”

“Ndichadaro.”

199 “Zvakanaka, Mwari, Muchaita sei?” Ichi ndicho chinhu chinotevera; mibvunzo yose inopindurwa. Hama Mike, ndiwo manzwiwo acho. Ndakamira kwechinguvana kuti ndione kuti Aizoti chii. Ndakatarisa necheuko ndikaona mukomana achienda hake, achifamba, nepakaita separutivi rwemadziro saizvozvo. Ndikati, “Vangani venyu vechiMohamedhi vachazvigamuchira? Pano pane mukomana wechiMohamedhi, mutarisei, mumisei pamusoro apo.” Ndikati, “Imi vanachiremba, hamungada kumuongorora here? Amire apo uyo.” Oo, unenge uchiziva kuti uri papi ipapo. Munoono, unoziva paunenge wakamira. Hapana kana munhu . . . Hapo paaiva.

200 Ndakati, “Famba uchidarika neapa, mwanakomana.” Zvino vakamubata, heuno achiti. (“Ta-lump, ta-lump.”) Ndikati, “Zvinoratidzika sokuti rakapfupika pane rimwe nemainchi angaite gumi nemaviri, kana gumi nemana. Zvakada kuita saizvozvo.”

“Hongu.”

201 Ndikati, “Asi Jesu Kristu Mwanakomana waMwari anokwanisa kumupodza. Imi vechiMohamedhi mungazvitende here uye mungaMugamuchire seMuponesi wenyu here?”

202 Pakava nezviuru zvemaoko aye matema akasimudzwa mudenga saizvozvo. “Zvino, Ishe, ino ndiyo nguva yacho.” Ndikati, “Baba veKudenga, kana makambopindura, ndipindureiwo iko zvino, izvi ndezvekuti Muwane Kubwinya, izvi ndezeveNyu. Ndinonamata kuti Mupodze mukomana uyu.” Ndakangomunamatira saizvozvo.

203 Ndikati, “Bvisa shangu yako.” Mududziri, akandatarisa achikatyamara. Ndikati, “Bvisa shangu yako.” Akaisunungura. Nekuti ndakange ndaona chiratidzo, chezvaizoitika. Akabvisa chinhu ichocho. Paakachibvisa akafamba achiuya kwandiri, makumbo ari maviri asina kuremara, apo ese ari maviri aifamba sematsva. Ndikati, “Unoda kufamba uchienda uchidzoka here?”

204 Akatanga kuchema saizvozvo, achifamba achienda achidzoka, akange asisazive zvokuita. Achifamba kudaro, akati, “O Allah! Allah!”

Ndikati, “Jesu! Jesu!”

Oo, oo, oo! “O Yesu! Yesu,” ipapo. “Yesu! Yesu,” saizvozvo.

Ndikati, “Pane mibvunzo here, pane mibvunzo here?”

205 Julius Stadskev, vangani vanomuziva? Hama Stadskev vakambouya pachechi pano; vacha—vachangoenda kuGermany. Vakati, “Mirai zvisihoma, Hama Branham, mirai zvisihoma.” Kuti vaunze nekuchimbudzika uyo anotora mifananidzo. “Ndingatore mufananidzo wake here?”

Ndikati, “Torai henyu.”

206 “Famba uchiuya *kuno*, misa shangu yako *apa*.” Akamira saizvozvo, vakatora mufananidzo wemukomana uyu ipapo, makumbo ose akangoita zvakanaka uye akatwasuka sezvaaigona kuva. Hapo paive pamire shangu yake yakare pamwe nesimbi inotsigira gumbo, saizvozvo, saizvozvo.

207 Ndikati, “Vangani venyu imi vechiMohamedhi vave kuramba Mohamedhi zvino semuporofita, uye motenda kuti Jesu Mwanakomana waMwari, muchiMugamuchira seMuponesi wenyu?” Zviuru gumi zvemaoko zvakasimudzwa mudenga. Hareruya! Havadi. . .

208 Vanoedza kuzvichengeta zvakadaro, nekuti tiri “vaumburuki vatsvene,” ndizvo zvavanotidana, munoono. Zvingori zvimwe chetezvo, Mwari ari kufamba. Ari kuisa Chechi yaKe panzvimbo. Ari kuita zvinonyanya kupfuurira, zvakawandisa kudarika zvose zvatingakwanise kuita kana kufunga. Achingori Mwari husiku huno sezvaAkangogara ari.

209 Nekudaro, shamwari dzangu diki, regai ndikuudzei chimwe chinhu iko zvino. Vanhu vangu vanokosha vanodikanwa, imi muri munyika ino, nevamwe vari kunyika dzinowana matepi kunova kuri mhiri kwemakungwa uye nekwise kwamuri, musatye. Zvinhu zvose zvakanaka. Mwari Baba, nyika isati yavambwa, vakaziva zvinhu zvose zvaizoitika. Zvinhu zvose zvinonyatsofambirana. UnoMuda here? Chengeta moyo wako wakanaka.

210 Uye, rangarirai, kana mweya uno wabuda kubva muhupenyu huno, kunemi vanhu vakwegura kana kwamuri vanhu vechidiki, nemi vanaamai, pamunoono tuvana twenyu tudiki, kamusikana kaye kacheche kakafa apo kakange kasati kava nemazuva masere okuberekwa kana mazuva mashanu okuberekwa, achange ave mudzimai wechidiki ane chiso chakanaka pamuchazomuona. Vaya Sekuru mukweguru vakange vakombama, vasisanyatsa kuona kwavari kuenda; pamuchavaona, ambuya, vanenge vave murume wechidiki akanaka ane chiso chakanaka, angori mudiki aine makore angaite makumi maviri okuberekwa, vari pakanakisisa pehujaya. Uye vachazenge vakadaro nokusingaperi. Unokwanisa kubata ruoko rwake, unokwanisa kukwazisana maoko naye. Uchamumbundira, asi anenge achisisiri “murume wako,” achange ave “hama.” Oo, ini zvangu! Achange akapfuurira zvakananyanya kuva “murume wako.” Unofunga kuti waimuda? Zvirokwazvo waimuda. Asi rwaingova rudo rwe *panyama*; mira kusvikira wawana rwe*agapo*. Mira kusvikira rudo rwuya rwemazvirokwazvo rwaMwari rwabata, zvino unozoona kuti rwakaita sei. Urwu rwuri pano rwakafanana negomba remarara rekare riri kupfungaira, harwuna kunaka, hapana zviripo kwarwuri. Chinhu chega

chandinokunyeurirai kuti multe iko zvino, ndeichi, shamwari dzangu—dzangu—dzangu. . .

²¹¹ Pamberi apo ndicha. . . Mungazoda here kuti ndizoenderera mberi nezvimwe zvitsauko zviviri imwe nguva? Ishe. . . Ndi—ndinofanira kuzorora zvishoma ndisati ndaenda kuChautauqua. Zvino, handikwanise kuparidza zvinhu izvi mumisangano iyoyo. Kune zvakawandisa. . . zvitendwa zvakawandisa zvakasiyana. Maona? Ino inongori chechi yoga. Maona? Handikwanise. . . Ndine kodzero yekuparidza muno chero chandinoda. Ino itabhenakeri yangu, munoona, uye ndiri kukuudzai. Zvino, ndinotenda kuti vanhu ivavo vakaponeswa. Hongu, changamire, ndinonyatsozvitenda. Asi, oo, zviru nani zvakadini kufamba apo paunenge uchiziva pauri kufamba. Zvakanyanya sei, kuziva, kungoziva zvauri kuita, munoona, pachinhambire chekudzadzarika, nekugumburwa mukufamba. Ngatingimirai muChiyedza, uye tofamba muChiyedza zvino woziva kuti wakananga kupi. Ndicho chokwadi. Ishe ave nemi.

²¹² Uye kana mumwe nemumwe wenyu ari muno zvino asati aiswa panzvimbo! Unogona kunge usiri chimwe chinhu kunze kwokuva mudzimai wepamusha. Zvino, woti, “Hama Branham, handina kumbobvira ndaita chinhu muhupenyu hwangu. Handisi muparidzi.” Zvakanaka, zvichida Mwari vakakuunza pano kuti urere mhuri yevana, kubva mumhuri yevana iyoyo munogona kubuda imwe mhuri yevana munozova nemuparidzi achazoendesa mamiriyoni emweya kuna Kristu. Waifanira kuti uve pano. Uri pano nechinangwa. Maizviziva here?

²¹³ Zvakanaka, iwe unoti, “Zvoga zvandakangoita, kwaiva, kungohara mavhinga aya. Uye ndaibuda, mumanheru kuchangodoka, ndisingazive kuti ndingararamise vana vangu sei. Ndaitarisa tuvana utwu twainzvisa tsitsi twusina kupfeka shangu. Ndaigara pasi ndochema. Ndaitora ngoro inodhonzwa nemabhiza, zvino ini naMaw toenda kuchechi.” Musashushikane, hama. Ingorambai muchiMuda, Ane chinangwa nemi. Ingorambai mungori zvamuri, ingoendererai mberi. Maona? Munogona kusatomboparidza mharidzo imwe chete, asi munogona kunge muri baba vasekuru veuyo achazozviita.

²¹⁴ Maiziva here kuti Mwari akati akatobhadhara (ngationei iko zvino, zita rake ainzi ani?) Revhi, akafanobhadhara chegumi apo aiva muchiuno chaAbrahama, apo Merikizedheki akasangana naye. Vangani vanozviziva? Zvino ngationei. Abrahama akabereka Isaka, Isaka akabereka Jakobho, Jakobho akabereka Revhi; uyo aiva baba, sekuru, baba vasekuru; apo aiva muchiuno, mumbeu yababa vasekuru vake, Bhaibheri rakamuti ndiye akabhadhara chegumi kuna Merikizedheki. Ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu! Hama! Oo! Ndiri. . .

215 Pane mudiki—pane murume mudiki weChirungu akatendeuka uko humwe husiku kuEngland, akati, “Ndiri kufara zvakanyanya! Ndiri kufara zvakanyanya!”

216 Hongu, kufara zvakanyanya kuziva kuti izvi ichokwadi! Uye nerimwe zuva rakanakisisa, handizive kuti zuva iri richaveko rinhi, asi kana ichi chaiva chiratidzo, handizi kuti ndaive pano. Rangarirai, garai makachengeta izvi mupfungwa, dai vane matepi vaitawo zvimwe chete. Kuti ndaiva muchiratidzo, kana kuti ndaiva ndatakurwa muMweya, handizive. Asi zvaiva zvemazvirokwazvo sekubata kwandakaita Hama yangu Neville *seizvi*, zvingori zvemazvirokwazvo. Uye ndaikwanisa kutarisa nekutaura nevanhu ivavo. Uye hepano pakange pakamira mudzimai wangu wekutanga, haana kumbodanidzira “murume wangu,” akati, “hama yangu inodikanwa.”

Apo paiva pakamira musikana uya wandaisimbofambidzana naye makore apfuura.

217 Zvichida vamwe vevanhu vake vagere pano, Alice Lewis aibva kuUtica, aive musikana Mukristu akanakisisa, wehumambo. Akaroorwa nguva yati fambei muhupenyu, uye akava nemwana wake mucheche wekutanga zvino akafa ari mukupona mwana. Alice Lewis, ndakapinda muimba yevanoita basa rekuviga vakafa kuti ndinomuona. Ndaive ndichangopinda mumba mangu, ndikanzwa kuti aiva afa. Ndakafamba ndichidzika ikoko, maiva musina munhu mukamuri macho, ndikati, “Pane mudzimai pano here, Mai...” Zita rake rainzi Emmerke. Akange akaroorwa nemukomana Mukristu akanaka, uye iye aiva musikana Mukristu akanaka. Ndakafamba nemusikana uyu kwese-kwese, nzvimbo dzakasiyana-siyana nezvose. Uye taingova vana vadiki, tiine makore gumi nemasere, gumi nemapfumbamwe ekuberekwa, kwese-kwese, Mukristu akanaka, hapana chimwe chandakambobvira ndaziva pamusoro pake kunze kweChikristu chechokwadi. Uye ndakange ndiri mutadzi. Asi ndaifambidzana naye. Ndakapinda... Uye murume wake akange ari Mukristu akaberekwa patsva, murume kwaye. Zvino ndakange ndisingazive; ndakaziva kuti aive afa, ndakange ndaona mubepa. Zvino ndakadzikako uye vakandiudza. Ndakadzika zasi ikoko kwaCoots ndikati, “Mune vanonzi Mai Emmerke here?”

Murume akati, “Billy, atorimo mukamuri umo.”

218 Ndakaenda imomo ndikamira ipapo parutivi rwebhokisi. Ndikafunga kuti, “Alice, ndakava mumajere epasi ane rima gurusu, ndakave mumigwagwa ine rima. Iwe neni takafamba pamwe chete tichidzika nemumigwagwa uye tichiyambuka neparwizi, apo pavaisimbova nemaigwa akare mavaitira mitambo, taigara pasi tichiteerera mumhanzi uchiridzwa. Tichikwira nekudzika nemunzira, waiva musikana kwaye chaiye! Ndinotenda Mwari zvakadini nekuda kwehupenyu

hwako. Zorora hako, hanzvadzi yangu inodikanwa, zorora murugare rwaMwari.”

²¹⁹ Uye umwe husiku muchiratidzo, imomo akauya kwandiri achimhanya. Akati, “Hama yangu yakaropafadzwa,” akandimbundira. Oo, oo, hama nehanzvadzi, zvakandishandura. Handichazofi ndakava zvimwe chete zvachose. Ndezvemazvirokwazvo! Zvingori—zvingori zvemazvirokwazvo sekutarisa kwandakakuitai, zvingori zvemazvirokwazvo saizvozvo. Nekudaro, hapana kutya. Ndinogona kufa husiku husati hwapfuura.

²²⁰ Ndinoda kurera mukomana wangu mudiki ari kumashure uko, Joseph. Ndinoda kumuona ari papurupiti, apo ndichakwanisa kutora Bhaibheri iri...apo pandichasvika panzvimbo yekuona Joseph ari papurupiti achiparidza ari—ari murume wechidiki akazadzwa neMweya Mutsvene, akazodzwa neMweya waMwari pamusoro pake. Uye ndinotenda kuti achava muporofita. Zuva randaka—randaka—randakamuona makore matanhatu asati aberekwa, munorangarira ndichikuudza kuti aizouya. Munorangarira izvo zvandakamudaidza, ipapo chaipo parutivi rwearitari, ndisingazive zvandaitaura, ndichikumikidza vana, ndakati, “Joseph, iwe uri muporofita.”

²²¹ Uye rimwe zuva apo ndakamira paruvanze, akauya kwandiri, zvino akati, “Baba, Jesu ane ruoko rwakaita serwenyu here?”

Uye ndakati, “Zvakanaka, hongu, mwanakomana. Sei?”

²²² Akati, “Ndange ndakagara pabhasikoro rangu, ndichitarisira Sarah” (anova kahanzvadzi kake kadiki) “kuti adzoke kumba kubva kuchikoro.” Akange akagara kunze uko. Handimutendere kuti abude achipinda mumugwagwa, akange akagara *sezvi*. Zvino akati, “Ini ndatarisa mudenga, uye,” akati, “pandadaro, pange paine ruoko rwakaita serwenyu, rwaiva muruoko rweshati rwuchena rwainge rwakabata pamusoro pangu.” Uye akati, “Rwakakwira kumusoro.” Akati, “Rwaiva ruoko rwaJesu rwaikwira mudenga here?” Ndakatarisa kuna amai vake, mai vake vakanditarisa. Takadzika kwaMai Wood. Hameno pavari, pavagere muno. Takamubvunzurudza, uku nokuku, nenzira dzese dzataikwanisa. Chakange chiri chiratidzo. Akarwuona. Apo pandichakwanisa kuona nguva yaJoseph mudiki akamira...ndinotarisisira kurarama kuti ndimuone achiroora, kana Jesu akanonoka.

²²³ Uye ndave murume akwegura, ndebvu chena dzarembere nemuhuro muno. Ndakatumira...Ndinoda kutumira mimwezve mweya mamiriyoni maviri kana matatu kuna Kristu kana ndikakwanisa kudaro. Kutsunga kwangu kwekuti ndiparidze Vhangeri kudivi roga-roga renyika. Hongu, changamire. Nekudaro, ndibatsirei, Mwari, ndichazviita. Nekudaro, apo pandinoona nguva iyi ichiuya, Hama Mike.

224 Ndinokwanisa kutarisa panguva iyo Amai, Meda, ndinomudaidza kudaro, mudiwa wangu, munoona, ari. . .tave kukwegura, ndichiona vhudzi rake richiita jena, ndichiona tave kuenda, tave kunyangadika.

225 Rebekah, ndinotenda zvakanyanya nekuda kwaRebekah. Mudzidzisi wake wemumhanzi akandiudza humwe husiku, akati, “Ini zvangu, kana akaramba akadai, Hama Branham,” akati, “zvakaoma kutaura zvaachazoita.” Munoona, achienderera mberi nemumhanzi. Ndinoda kuti iye, uye ndinoda. . .Ndinoda kuti Sara ave paogani, Becky papiyano, ndinoda kuti Joseph ave papurupiti.

226 Pandichaona izvi zvichiitika, zvino ini naMai tichidzedzereka tichipinda, ini nemudonzvo wangu, humwe husiku, ndouya ndichidzika nemumugwagwa, zvino ndichikwanisa kutarisa imomo ndoona zvino mukomana wangu akamira ipapo akazodzwa neMweya Mutsvene, achiparidza rino Vhangeri rimwe chetero. Ndinoda kutora Bhuku iri rekare, zvino ndoti, “Mwanakomana, herino iRi, ndeRako. Iwe mira naRo, usamborerutsa kana paShoko rimwe chete. Iwe wonyatsogara naRo, mudiwa. Rega, usaite hanyin’a, handina hanyin’a nekuti ndiyani achapesana newe, uyo anopesana, Mwari achamira newe. Iwe paridza Shoko rega-rega semanyorerwo chaiwo aRakangoitwa Imomo, uye Baba vachazokuona mhiri kwerwizi.” Ndinoda kuzotambanudza maoko angu ndomutora mumaoko angu, mudzimai wangu, toyambuka Jorodhani.

227 Kusvikira panguva iyi, Mwari, nditenderei kuti ndigare mumunda wekuvhangera, ndakatendeka! Nditenderei! Handina mhosva nokuti mubhadharo wacho wakadini, kana kuti vangani, zvandinoita, kana *ichi*, *icho* kana *chimwe*. Regai ndigare ndakatendeka uye muchokwadi kuShoko raMwari mupenyu, kuti pachauya zuva iroro uye ndoyambukira ikoko, zvino ndokwanisa kutarisa kune rimwe divi ndoti, “Ndimi uyo. Oo, shamwari yangu yakakosha, hama yangu yakakosha, hanzvadzi yangu yakakosha.”

228 Muparidzi wechidiki, pinda mumunda, gara uri pajoki. Imi mose vaparidzi vechidiki nevamwe vakadaro, musangogara. Musangogara musina chinhu chamuri kuita. Buda kunze uko munowana mweya mumwe chete. Ita chimwe chinhu! Chitoenda, fambira mberi. Usamire, iwe muparidzi wechidiki uri uko. Mwari aropafadze moyo wako.

229 Anondirangaridza apo pandaiva zvakada kuva sezera iroro, ndinofungidzira kudaro, zvichida mudiki zvisihoma pana iye. Ndakange ndiine makore makumi maviri neanoraudzira chete pandakaisa ibwe riya repakona ipapo. Ndinorangarira ndaigaropfeka jasi rebhuruu nemudhebhe muchena, zvino ndakamira ipapo ndikaisa ibwe riya repakona makore angaita makumi matatu nerimwe apfuura. Munoona kuti ndakange ndakura zvakadini, ndakange ndichingori mukomana.

Ndakamira ipapo, ndichiisa ibwe riya repakona. Handina kutomborerutsa kana paShoko rimwe chete. NdakaRichengeta nenzira imwe chete chaiyo sezvazvaiva pandakaisa dombo riya repakona. Imomo ndimo mune chapupu changu imomo, apo pandakachinyora pamapeji ekuseri emuBhaibheri rangu, ndakachibvarura ndikachiisa muibwe riya repakona, uye chichiri panzvimbo iyoyo. Uye dai chanyorwa pamapeji eShoko raMwari reKusingaperi Kudenga. Ndiitei kuti ndimire ndakatendeka kusvikira kumagumo.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino kwekanguva kadiki kuti tinamate.

²³⁰ Mukupfigwa kwehusiku huno, kupfigwa kweizvi, chitsauko chimwe chete, zvatisingapembedzi. Munofanira kuti muwane zvimwe zvacho, umo anozoenderera mberi achigadza chechi munzvimbo yayo. Ndichakuunzirai pane imwe nguva, Mwari achitendera. Ndinofanira kuti ndimbatora kanguva kekuzorora zvino ndisati ndaenda kuChautauqua uko, kune mumwe musangano mukuru, zvino ndozoyambuka kubva ikoko ndoenda kuOklahoma, kubva ikoko ndoenda kuKlamath Falls, kubva kuKlamath Falls todzika kuCalifornia, tokwira tichipinda muYakima, handisi kudzoka kusvikira muna Nyamavhuvhu musi wa15.

²³¹ Asi tarisai, regai ndikubvunzei chimwe chinhu, kana chimwe chinhu chikaitika kwauri kana kwandiri nguva iyi isati yasvika, kana zvikaitika kuti ndayambuka rwizi kupinda munyika iyo, kana kuti zvikaitika kuti iwe wayambuka uchipinda munyika iyi nguva iyi isati yasvika, unonzwa kugutsikana here husiku huno kuti tichasangana ikoko kunzvimbo iyoyo? Kana uchinzwa kudaro, simudza ruoko rwako, uti, “Ndinonzwa kugutsikana mumoyo mangu.” Mwari aropafadze moyo wako. Mwari akuropafadze. Kana paine mumwe ari pano asiri kunzwa kugutsikana kwekuti anenge ariko, uye anoda kuti, “Ndirangarireiwo, Hama Branham, kuti ndigozova nekugutsikana ikoko,” simudza ruoko rwako, “Ndinoda kuti ndinge ndiriko, neniwo.” Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadze.

²³² Baba vedu veKudenga, tinoKuunzirai husiku huno unganano, ruoko rwese, semaziviro angu, rwanga rwakasimudzwa. Vose kusara kwomunhu mumwe chete, mumwe mweya unokosha wakagara kumashure uko, uri kungoti netsekei kuti vanozokwanisa here kuyambukira kunyika yacho, uko kune rudo rwakakwana rwutsvene chairwo mumoyo mavo, mumoyo wemudzimai yu anokosha, kuti anozouya munyika iyi dai aizofa husiku huno: rwungazvuye here mweya wake wakaneta kupinda muNyika yeVimbiso yaMwari?

²³³ Baba vari Kudenga, sekumira kwandakaita papurupiti pano ndichiparidza, ndichidikitira, ndichichema, nekugombedzera, nekunyengetedza, regai ndiKukumbirei kamwe chete zvakare,

Ishe, regai ndikumbirire hanzvadzi yangu iri kumashure uko; Mwari, isai mukati memoyo wake husiku huno: rudo rutsvene rwuya, Mweya Mutsvene uya waMwari, rugare rwuya rwunopfuura kunzwisisa kwose, kuti azogamuchira Mweya weNyu, agosimbiswa neMweya Mutsvene kusvikira zuva iroro. Ndinoda kumuona, Ishe, patinoyambuka zambuko. Kana uri—kana uri wangu—kana uri mukana wangu wekuyambuka, kana zviya zvaMakandiratidza zviri zvezavirokwazvo, uye ndayambukira ikoko, ndinoda kuzosangana naye ikoko, ndomuona achimhanya ondibata neruoko, oti, “Hama yangu yakakosha, hwaiva husiku huya apo Chimwe chinhu chakandiudza kuti ndisimudze ruoko rwangu, apo mainge mapedza kuparidza nezvebhuku raVaEfeso. Ndakasimudza ruoko rwangu, zvino chimwe chinhu chakaitika kwandiri shure kwaizvozvo. Hezvino ndiri pano. Ndave mudiki zvino nariinhi.” Mwari zvitenderei kune uyo anokosha.

²³⁴ Ava vasimudza maoko avo kuti vakasimbiswa neMweya Mutsvene, Mweya waMwari uri pamusoro pavo, uye vakagamuchira Mweya Mutsvene, vakasimbiswa nerudo rwaMwari rwuya mumoyo mavo. TinoKutendai zvakadini pamusoro pavo.

²³⁵ Tichicherechedza, Baba, kuti matepi aya achaenda kunze munyika dzese. Pane mamaikirofoni akawanda akaiswa pano papurupiti, zvinoreva kuti matepi ari kugadzirwa, ari kutenderera kumashure uko, Izwi richange richienda kunyika dzakasiyana-siyana dzakapararira pasi rose, kupoterredza pasi rose, nyika makumi maviri kana makumi matatu dzakasiyana-siyana dzichainzwa. Ndinonamatira munhu wese achanzwa tepi iyi, uyo asina tariro iya yeHupenyu Husingaperi, uyo asina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, dai Wauya uchitapira mumoyo mavo. Zvitenderei, Ishe.


²³⁶ Uye dai ini, kana ndikasazobvira ndavaona muhupenyu huno, apo pandichayambukira kunyika iya, dai vakazomhanya vondibata zvakasimba (uye ini ndovabata, zvino ivo, isu todanidzira, “Hama yakakosha!” mumwe kune mumwe), voti, “Ndakanzwa tepi yenyu pamusoro peEfeso, kuti Mwari akafanotitemera sei kuHupenyu Husingaperi, uye paiva patepi iyoyo pandakagamuchira Inzwi raMwari uye ndikasimbiswa neMweya Mutsvene muHumambo hwaMwari.” Zvitenderei, Baba.

²³⁷ Podzai vose vanorwara nevanotambudzwa. Zviwanirei kubwinya nokuti tinoisa izvo zvese kwaMuri mukushingaira kwose muZita raJesu, Mwanakomana weNyu. Amen.

²³⁸ Pane vanorwara vari pano here uye vari kuda kuti vaiswe maoko pamusoro pavo kuti vanamatirwe? Mungasimudze maoko enyu here? Zvakana. Mungafambe muchinyararire, zvino, kuaritari kuno chaiko, momira kwekanguva, apo Hama Neville vachiuya neavo. . .

²³⁹ Oo, izvi zvinoratidzika, kunamatira vanorwara, zvinongo—zvinongoratidzika sekuti unosvika apo unonyatsoziva pawakamira, chaizvoizvo. Mwari anoziva zvose pamusoro pazvo.

²⁴⁰ Apo pandinonzwa rwiyo rwuya...Rangarirai, kana muchizenge muri vapenyu apo pandinoenda, mondiridzira urwu: *Tenda Chete*. Rangarirai, ndinenge ndisina kufa, ndinege ndisiri kure zvakanyanya nemi ndichirwuteerera. Handikwanise kufa; Jesu akandipa Hupenyu Husingaperi; ahandimutsa pazuva rekupedzisira; ndichazokuonai. Uye iwe ukaenda, ndichatenda zvimwe chetezvo pamusoro pako. Ndinotenda tichaonana zvakare.

²⁴¹ Ndakatarisa, mudzimai uyu anokosha amire pano ane vhudzi jena. Muri Mukristu here? Makazadzwa neMweya waKe, muchimirira kuuya kwaKe, makangomira henyu kunze kuno makamirira kuti igwa riuye. Ameni. Oo, hanzvadzi... 

KUGADZWA 4 SHO60-0522E
(Adoption 4)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEKUGADZWA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 22 Chivabvu, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org